Мин 23-м зыщагъэпсэхуащ

2-нэ нап.

Псыпэ тIуащIэм и IэужьыфI

3-нэ нап.

Запорожьем къыщыщIэдзауэ Камчаткэм нэс

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№103 (24.697) • 2024 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 27, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

2024 ФокIадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

КъБР-м и IэтащхьэмрэПравительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Махуэшхуэхэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Терроризмэм пэщIэтыныкIэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Оперативнэ штабымрэ хэтхэм я зэIущIэ.

АБЫ кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ**I Егоровэ Татьянэ,** Правительствэм и Тхьэмадэ **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ**I Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Васильченкэ Дмитрий**, министрхэр, кьалэ, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ куэд мыщIэу ди щIыналъэм щекIуэкIыну ЩIэныгъэм и махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и махуэм, Терроризмэм пэщIэтыныкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ехпауэ ящ зэрагъэпэщыну гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэм шынагъуэншагъэм щыкIэлъыплъыным, нэгъуэщIхэми.

А Iуэхухэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мамхэгъ Назир**, Лъапкъ гвардиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI **Васильев Сергей**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Ёзауэ Анзор** сымэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ**I Егоровэ Татьянэ дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ зи мычэзу зэIущIэ.**

- КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуа пщэрылъхэм ящыщу «Егъэджэныгъэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 11-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр къэштэныр къыхилъхьащ. ЗэхъуэкIыныгъэхэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ къару ягъуэтын хуейщ. Абы къыхэкIыу нобэ зи мычэзу зэIущIэр зэхэтшащ, - жиIащ Егоровэм.

Законопроектым щытепсэлъыхьым, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** къыхигъэщащ бын куэд зыпI адэ-анэхэм я сабийхэр гъэсапIэхэм зэрагъакIуэм и пщIэр 2024 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ зэрыщхьэщадзыр.

- «Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ Iуэхум теухуауэ» Федеральнэ законым и 65-нэ Iыхьэм щыгъэбеладжылащ егъэджэныгъэм епха Iуэхущ**IапIэхэр** сабийхэм зэракIэлъыплъым хуагъэув уасэр адэ-анэм къыIамыхыну хуиту. А дэIэпыкъуныгъэмкIэ унагъэщхуэхэм щыщ сабий мин I5-м щигъум защIэдгъэкъуэну ди мурадщ.

Бынунагъуэшхуэхэм зэрызыщIагъакъуэ IэмалыщIэ

ЗэIущIэхэр

Мы зэманым къызэрыдбжамкIэ, законым къыщигъэлъэгъуа Iуэхухэр фокIадэм къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэ пщIондэ дгъэзэщIэным сом мелуан 90 текIуэдэнущ, 2025 гъэм - сом мелуан 300-м щигъу, - къыхигъэщащ министрым.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ законопроектым депутатхэр щыхэпIьлэм, щыщIэныгъэ гуэр къызэрыхамыгъэкIар икIи дэфтэрыр къащтэну къызэрыхалъхьэр.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ Iэ яIэтащ законопроектым папщIэ. Егоровэ Татьянэ депутатхэми КъБР-м и Iэтащхьэми фIыщIэ яхуищIащ, мыхьэнэзшхуэ зиIэ, куэд зыпэплъэ закон къызэращтам къыхкIыу. Къищынэмыщ Iауэ, абы депутатхэр къыхуриджащ гъэ къэс ЩIэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI «Сабийр школым худогъэхьэзыр» Iуэхум хэтыну, нэхъ хуэныкъуэхэм зыщIагъэхъуэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Я дзыхь ирагъэз

2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым розницэмкIэ и кредит портфелыр сом мелярди 102-м щхьэдэхащ икIи зы илъэс пIалъэм къриубыдэу процент 26-кIэ хэхъуащ. Иджыблагъэ апхуэдэ хъыбархэр зэбригъэхащ Урысей Банкым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ IапIэм.

ПОТРЕБИТЕЛЬСКIЭ кредитхэмкIэ портфелыр процент 27,3-кIэ хэхъуащ икIи сом мелярд 56,5-м нэблагъащ, ипотекэмкIэ - процент 25-кIэ е сом мелярд 45,7-м нэблагъэ.

Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым республикэм и цIыхухэм кредит ахъшэу къащтащ сом мелярд 42-м нэблагъэ. Нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм нэхъ рэ ар процент 36,4-кIэ нэхъыбэщ. Илъэсым зэрыщIидзэрэ потребительскэ кредиту ятам и куэдагъэр сом мелярд 36-м нэблэгъащ. Ар хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым нэхърэ.

Апхуэдэу щыхъукIи, нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ ипотекэ кредиту мы гъэм къащтам и куэдагъым кIэрыхуащ. 2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм апхуэдэ ахъшэ зратахэм я бжыгъэр процент 25-кIэ нэхъ мащIэщ, 2023 гъэм щыIахэм ебгъапщмэ. Абы и щхьэусыгъуэр ипотекэмкIэ кредит ставкэхэр банкэм зэралэтаршц, Урысей Банкым абы хигъэхъуа нэужь.

Мыдрейуэ, цIыхухэм я ахъшэхэр я деж зэрыщахъумэм папщIэ банкхэм ягъэува процент ставкэхэр «зэрыуплъэгъуафIэм» къыхэкIыу, я мылъкур къахуэзыхьхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, дыззыт илъэсым и бадзэуэгъуэм ирихьэлIэу цIыхухэм я дзыхь банкэм ирагъэзэри, ирагъэхъумэну, фейдэм кърагъэщIыну сом мелард 61-рэ щIалъхьащ.

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олег.

«ДыгъафIэ къалэм» и пщIэм нэхъри хегъахъуэ

Сабий зэчифIэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дэт «ДыгъафIэ къалэ» сабий академиер Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыфI 300-м хыхьащ, абыхэм щрагъэгъуэт щIэныгъэм и куэдгъыпмрэ ахэр къэзыухахэм ящыщу къэралым и университет, институт нэхъ лъэщхэм 2024 гъэм щIэтIысхьащ я куэдагъым тещIыхьауэ. Абы къыдэкIуэу, «Медицинэ» унэтIыныгъэмкIэ а еджапIэм и егъэджэныгъэ къызэгъэпэщыкIэри нэхъыфIхэм хабжащ.

АПХУЭДЭ къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэр иджыблагъэ налъэ кьищIащ «RAEX» рейтинг агентствэм, УФ-м и курыт еджапIэхэр къэзыухахэм ящыщу щIэныгъэ ищхьэ щрагъэгъуэту къэралым и еджапIэ нэхъыфIхэм щIэтIысхьам и куэдагъэр зэпэлъита нэужь. Абы и лъэныкъуэкIэ «ДыгъафIэ къалэм» и гъэсэн цIыкIуэм екъулIэныгъэфIхэр кьагъэлъэгъуащ, рейтингми хуэфащэ увыпIэр щыубыдащ.

Абы нэмыщI, «RAEX»-м зэкъуэгъуащ къэралым и щIыналъэхэм я курыт еджапIэхэм я рейтингхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм ящыщу абы хыхьащ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ еджакIуэхэр къыщIэзыгъэкIэу Налшык къалэм и гимназиехэу №№14-р, 4-р, школхэу №№33-р, 9-р, 6-р, лицей №2-р, Май къалэм и гимназие №1-р, Тырныауз къалэм и гимназие №5-р, Прохладнэ къалэм и школ №8-р.

НАУРЫЗОКЪУЭ Ислъам.

Сабийхэм еIэзэнымкIэ медицинэ Iуэхущ IапIэхэр республикэм зэIуэпэщ зэрыщащым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым цIыхухэр щыгъуазэ щищIащ.

КъАIЭТА уху зныгъэ лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ сабий сымаджэхэм сымаджэщым щакIэлъыплъыфынущ, узыфэхэр къэмыхъеи щIыкIэ ирахьэлIапхъэхэри Iэрагъэхьэфынущ. Ар я мураду, гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIидзэу, дохутырхэм сабийхэм я узыншагъэм еджапIэхэм щыкIэлъыплъым щIадзэжынущ. А къалэныр я пщэ далъхьэж иужьрей илъэсхэм пIалъэ-пIалъэкIэрэ зыхуей хуагъэза, узыр къыздэхуту Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэща сабий поликлиникэхэу сымаджэхэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтым.

«Ди Президент Путин Владимир къызэрыдди Iымрэ УФ-м и Правительствэм дыззэрыдэлажьэмрэ я фIыгъэкIэ, нэхъ пасэу ди республикэм сабийхэм еIэзэнымкIэ и Iуэхущ IапIэ нэхъыщхьэр - Сабийхэм лъэныкъуэ куэдкIэ еIэзэнымкIэ республикэ центрыр - зэIуэпэщ тщIыжауэ щытащ. Головкомрэ Хмельницкэмрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм тет абы и къудамэхэу щыт клиникэхэри щIэрыщIэу зэдгъэпэщыжащ», - етх КIуэкIуэ Казбек. Иджыпстрейм Iуэхукlэ Налшык и хьэблэ зыбжанэм дэт нэгъуэщI къудамиплIыр зэIуэпэщ ящIыж: Щоджэным, Королёвым, Мусукаевым, Ивановым я цIэхэр щIышылэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм езым и хэхъуэу къигъэлъэгъуар проценти 118-кIэ нэхъыбэщ, 2023 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм хуэкIуэу щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазиблым республикэм езым и хэхъуэу иIам и куэдагъэр сом мелард 12-м щIигъуащ икIи ар мелард 1,8-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Ахъшэр нэхъыбэу зыхуаутIыпщыр социальнэ мыхьэнэ зиIэ IэнатIэхэрщ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Сабийхэм щеIэзэ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуагъазэ

зезыхьэ уэрамхэм тетхэр.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ КъБР-м щыщ сабийхэм лъэныкъуэ зэмылIуэжьыгъэ 20-кIэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу зэрагъэгъуэтыр. Абы хохьэ цIыкIуэхэм папщIэ эндокринологиер, нефрологиер, нэм щеIэзэ къудамэр, хирургиер, микробиологиер зи лъабжьэ лабораторэхэр, къинэмыщIкIэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, сабийм кIэлъыплъкIэрэ узыфэ гуэр кьеуэлIауэ къахутэмэ, абы занщIэу дэIэпыкъуфынущ икIи ягъэхьужьи щIадзэнущ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI щIыналъэ щхьэхуэхэми - Бахьсэн, Майр, Тэрч районхэм сабийхэм щеIэзэ Iуэхущ IапIэхэр щызэрагъэпэщыжащ.

Республикэм щыпсэуэхэр куэдрэ лъэIуащ сабийхэм щеIэзэ медицинэ Iуэхущ IапIэхэр зэрагъэпэщыжыну. Куэд дэмыкIыу, абыхэм яIэ Iэмалхэри нэхъыбэ, я зэфIэкIхэри нэхъ убгуа зэращIыныр хуэунэтIа Iэныгъэхэр къаIэтынущ, дохутырхэри, сабийхэри, адэ-анэхэри нэхъ тыншу екIуэлIэфын хуэдэу.

И хэхъуэр егъэбагъуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и зи чэзу зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы щыхэплъащ щIыпIэ бюджетхэр къэралым и щIыналъэхэм зэрагъэзащIэ щIыкIэм.

УФ-м финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон къызэрыхигъащамкIэ, налогхэм хэмыхьэ хэхъуэу процент 12-м нэхърэ нэхъыбэ къагъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэхэм я нэхъыбэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2024 гъэм и

Ди къуэш республикэхэм

ЕджакIуэхэм папщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **ЩIыналъэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид пщэрылъ зэращIащам ипкъ иткIэ Луганск ЦIыхубэ Республикэм и Старобельскэ округым и сабийхэм зыщIагъэкъуащ. Ящ классым щIэтIысхьэну цIыкIуэм фокIадэм и 1-м и пэ къихуэу яIэрыхьэнущ еджэныгъэм къыщагъэсэбэлъну хьэпшыпхэр щызэхуэхьэсэхэр (эрэджэну тхыльхэр, тетрадхэр, сурэтхэр зэращIынухэр, кьалэмхэр, нэгъуэщIхэри) зэрылъ плIэидзэ 300.**

ФИГУ къэдгъэкIыжыщи, ипэIуэкIэ Урысейм и Президент Путин Владимир къэралым и щIыналъэхэм кьалэн ящищIат ДНР-мрэ ЛНР-мрэ я районхэмрэ я муниципалитетхэмрэ зыщIагъэкъуэну. Темрезов Рашид и пашэу КъШР-м и делегацэр Луганск ЦIыхубэ Республикэм щыщIыIам Iэ традзат Старобельскэ муниципальнэ округым зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ зэрыдэлажьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм. Зи гугъу тщIы Iуэхур абы къыщыгъэлъэгъуахэм ящ.

ЩIэблэм щыгъупщэнукъым

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Гъэзэкъуэй къуажэм Теучэжым и цIэр зэрихьэу дэт Унэ-музейм ахъшэ жьгъейхэр щызэхуахьэсыну кумбыгъэшхуэ щагъэуващ.**

НАIУЭУ зэрыщытщи, а ахъшэ жьгъей ягъэткIунухэм Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я фэеплъ къыхащIыкIынущ. Ар ТекIуэныгъэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу Москва, Поклонныр бгым деж щагъэувыну я мурадщ.

- Зи гугъу тщIы фэеплъыр Урысеймрэ Белоруссиемрэ я проектщ. Мурадыр хуэгъэзащ совет цIыхубэм Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм зэрахьа лIыгъэр къытщIэхъуэ щIэблэхэм ящымыгъэгъупщэным, - щыжаIащ Теучэж районым и администрацэм.

Сыт и лъэныкъуэкIи зэдэIэпыкъуу

АБХЪАЗ. **Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэр хъумэныкIэ и управленэм и департаментым и унафэщIым и япэ къуэдзэ, генерал-лейтенант Даербаев Рафаэль республикэм и премьер-министр Анкваб Александр иригъэлIыхуащ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу Абхъазым щыIэм и унафэщIу ягъэува генерал-майор Щедрин Сергей.**

ЗэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм и лIыкIуэу Абхъазым щыIэ Шургалин Михаил.

Анкваб Александр фIыщIэ хуищIащ республикэм къулыкъу зэрыщищIэну пIалъэр зыуха, Гъунапкъэхъумэ управленэм и унафэщIу щыта Кудимов Андрей икIи адэкIи екъулIэныгъэщIэхэр иIэну зэригуапэр жриIащ: «ПщIэшхуэ худощI уэ ди республикэм купщIафIэу укъыззэрыхуэлэжьам, Абхъазым и къэрал гъунапкъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ зэфIэбгъэкIахэм папщIэ».

Абы и пIэкIэ ягъэувам зыщыхуигъаззэм премьер-министрым къыхигъэщ ыхьэхуэкIащ Урысейм и гъунапкъэхъумэхэм, нэхъапэми хуэдэу, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэкъуэну абхъаз лъэныкъуэр зэрыхъэзыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ

2024 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ IапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 448-рэ кIэпIейкIэ 98-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 407-рэ кIэпIейкIэ 13-рэ.

Ди индексыр П5894

Инфляцэмрэ уасэхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым инфляцэр 2024 гъэм и бадзэуэгъуэм проценти 7,9-рэ щыхъуащ, ауэ ар нэхъ мащIэщ Кавказ Ищхъэрэм къыщекIуэкIым елъытауэ (проценти 10,2-рэ), къиташ Урысей Банкым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм.

УАСЭХЭР щIыдэкIуеям и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэхэм я IуэхутхьэбзэхэмкIэ тарифхэр индексацэ зэращIар, щIыналъэм кърашэ гъэсыныпхъэм и куэдагъым зэрыкIэрыхуар, кхъухьлъатэкIэ зекIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар.

Апхуэдэу щыхъукIи, хамэ къэралхэм кърашэ пхъэщхьэмыщхьэхэм - апельсиным, жызумым, бананым, кхъужьым я уасэм кIэрыхуащ. Ар къызыхэкIар лъэпкъ валютэм зэрызигъэбыдарщ. Абы нэмыщI, илъэс пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, джэдкъазылыр, мэлылыр нэхъ пуд хъуащ, ахэр куэду къызэрыщIагъэкIымрэ тыкуэнхэм, сату щIыпIэхэм зэрыщыбгъуэтымрэ къыхэкIыу.

Гъэсыныпхъэхэм я уасэм щIыхэхъуам и щхьэусыгъуэр газыр зыщэ, абы елэжь заводхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIамрэ экспортым ягъэакIуэм и куэдагъым зэрыхагъэхъуамрэщ. Коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр дэкIуеящ абыхэм я тарифхэр индексацэ зэращIам щхьэкIэ. Къэрал кIуэцIым къыщызыкIухьхэм, туристхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэ зэпытым къыхэкIыу, нэхъ пуду кхъухьлъатэхэмкIэ зекIуэу щытахэм я билетхэр нэхъ лъапIэ хъуащ.

Мин 23-м зыщагъэпсэхуащ

«Санатории-России.рф» интернет-порталым иджыблагъэ къипщытэжащ 2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кърииубыдэу къэралым и цIыхухэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным, абы кIэлъыплъыным ехьэлIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэм къарикIуахэм.

КЪЭПЩЫТЭЖЫНЫГЪЭХЭМ къызэрыщыхэщымкIэ, мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кърииубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэхэмрэ курортхэмрэ зыщагъэпсэхуащ, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъащ цIыху мин 23,4-м. Ар процент 21-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

Псори зэхэту къэбгъэлъагъуэмэ, зэпалъытыж лъэхъэнэм кърииубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я санаторэхэмрэ курортхэмрэ зыщагъэпсэхуащ цIыху мин 437-м. Абыхэм я нэхъыбэр къалъос Ставрополь крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ.

Санаторэхэмрэ курортхэмрэ зыщызыгъэпсэхуну, узыншагъэм щыкIэлъызыгъэплъыну хуейуэ КИФЩI-м и щIыналъэхэм къеблагъэхэр нэхъыбэу здэкIуэхэр гу-лъынтхуэкIэ, къупщхьэкIэ, зи кIуэцIкIэ, псантхуэкIэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэм, тхьэмбыл узыр зыпкърытхэм щеIэзэ щIыпIэхэрщ.

КурортхэмкIэ лъэпкъ зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Терентьевэ Евгение зэрыжиIамкIэ, санаторэ-курорт путёвкэхэр къэзыщэхухэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытми, а цIыху бжыгъэри зыщIэупщIэ санаторэхэм щыIэ путевкэхэм я бжыгъэри зэхуокIуэ икIи абы къегъэлъагъуэ а IэнатIэм иужьрей илъэсхэм зэрызиужьыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщIэныгъэр йофIакIуэ

Урысеймрэ Индиемрэ я сату зэпыщIэныгъэм къэралитIми я экономикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хъарзынэхэр хуещI. Къапщтэмэ, мэкъуауэгъуэ мазэм Индием ди къэралым кърищэшащ доллар мелуан 475-рэ и уасэ хьэпшып, ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм нэхърэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ.

ГЪЭМАХУЭМ и пэщIэдзэм Урысейм Индием иригъэшащ доллар меларди 6 и уасэ хьэпшып. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэралитIым доллар меларди 6,4-рэ и уасэ хьэпшып зэрагъэкIуэкIащ, 2023 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм еплъытмэ, процент 20-кIэ хагъэхъуащ. Къапщтэмэ, ди къэралым Индием хуригъашэм мы гъэм и япэ мазихым процент 13-кIэ хэхъуащ - доллар мелард 35,8-рэ и уасэ яIэрыхьащ. Индиер сатукIэ зыпыщIа къэралхэм ящыщу а IуэхумкIэ Урысейм япэ ищар Китайрщ - доллар мелард 50,4-рэ и уасэ хьэпшып хурагъэшащ.

Сату зэпыщIэныгъэмкIэ Индием и IуэхущIэгъу нэхъыщхьитхур, и хьэпшып нэхъыбэ зыIэрыхьэр США, ОАЭ, Нидерландхэр, Сингапур, Китай къэралыгъуэхэрщ. АбыкIэ Урысейр 29-нэ увыпIэм щыIэщ.

ЩытыкIэ гугъуэм итщ

Шотландием и Правительствэм щэнхабзэм хухих мылъкур зэригъэмэщIам къыхэкIыу, а къэралым щыIэ музей, галерее 50-м нэблагъэ зэхуащIынкIэ хъунущ.

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ IэнатIэм и унафэщIхэр мэгузавэ илъэсым и кIэм ирихьэлIэу я Iуэху зэрыдагъэкIыну мылъку ябгъэдэмылъыжыххэнкIэ зэрыхъунум къыхэкIыу. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, къэралым щыIэ щэнхабзэ щIыпIэу 440-м щыщу процент 11-р мазэ 12-м кърииубыдэу зэхуащIынкIэ хъунущ, процент 14-м я мылъкур зы мазэкIэ ярикъуну ращ, процент 28-м иджыри мазищкIэ я лэжьыгъэр ирахьэкIыфынущ. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэлIхэм я улахуэр зэрымащIэ дыдэм къыхэкIыу, а IэнатIэхэм щылэжьэнухэри ягъуэтыркъым.

Къэралым и щэнхабзэ IэнатIэм и унафэщIхэм жаIэ унэтIыныгъэр икIэщIыпIэкIэ мылъкукIэ къызэрызэгъэпэщыпхъэр, я къэкIуэнур зэпIэзэрыту щытын папщIэ. Апхуэдэу Великобританием и музейхэм я ассоциацэм Шотландием и Правительствэр къыхуриджащ дызыхуэкIуэ илъэсиплIым гъуазджэм, щэнхабзэм, щIэиным хухаха бюджетым дэщIыгъужыныгъэу хуащIа фунт стерлинг мелуани 100-м щыщ Iыхьэ музейхэмрэ галереехэмрэ хуаутIыпщыну.

ШыщхьэуIум и 27, гъубж

♦Боксым и дунейпсо махуэщ

♦Урысей киноm и махуэщ

♦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБКъУ-м и доценту щыта **Бозий Людин**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я журналист **Къантемыр Тыркубий**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, Абхъазым и ЛIыхъужь **Килбэ Мухьэмэд**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

ШыщхьэуIум и 28, бэрэжьей

♦Хъуэпсапlэм и дунейпсо махуэщ

♦**1924 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ ФизкультурэмкIэ областной совет.

♦**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз Ахьмэд**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ГъуэплъащIэ ТIэхьир**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Делэ гуэшэгъу нэхърэ - губзыгъэ дэуэгъу.

2024 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

ЛДПР-м ещIэ цIыхур зыхуейр!

ЛДПР

ЛДПР-р цIыхур зыхуэныкъуэм щыгъуазэщ. «Честный план ЛДПР» - зыфIащар къэралым щыпсэу цIыхухэм кърагъуэтылIахэр щызэхуэхьэса дэфтэрырщ. Телефон занщIэмкIэ, щIэупщIэныгъэхэмкIэ, социальнэ сетхэмкIэ цIыху минипщI бжыгъэхэм зыкъытхуагъэзащ дэ. Мис а Iуэхугъуэхэрщ ЛДПР-р зэрылэжьэну программэр зытещIыхьар. Урысейр зэIузэпэщ, цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн хуейр къулыкъущIэ гуп цIыкIу гуэрхэракъым, атIэ дэ къыхэтлъхьэхэр, цIыхухэр зыхуейхэр къалъытэн хуейщ. Абы ехьэлIауэ дэ дызытетынур мы къыкIэлъыкIуэхэращ.

1. НэкIуIупхъуэхэр зыIуфх!

ПцIыIуэпцIышэхэм къадыгъуа дэтхэнэ зы сомри сымаджэщхэм, еджапIэхэм, гъэсапIэхэм, гъуэгухэм я зыужьыныгъэм къыкIэраударщ. Апхуэдэ ухуэныгъэ дапщэ нэмыгъэсауэ къэна зи анэр зыщэжыну хьэзырхэм я зэранкIэ? Фегупсыса абы?

Нэгъабэ и закъуэ къулыкъу зыIыгъ цIыху мин 50-м щIигъу жэуапым ирашэлIащ Iулъхьэ къыIрахыу яубыдри. Iулъхьэ къеIызыхауэ цIыху 1914-рэ ягъэтIысащ, ар зы къуажэ псо дэз мэхъу! Прокуратурэм зэхуихьэсыжа сом миллиард 400 бюджетым хилъхьэжащ. Пэжщ, ахъшэр къытрахыжри, халъхьэжащ, ауэ зэманыр кърагъэкIуэтыжыфакъым - кIуэдащ!

Ди къэралым дзэ Iуэху хэхар иригъэкIуэкIыху ЛДПР-м къэрал мылъкур зышххэм кIэлъыплъыныр нэхъ щIегъэхуабжьэ. ДыгъуакIуэхэр къэзыгъэувыIэнур тезыр пхъашэщ. ЛДПР-м къыхелъхьэ, апхуэдэхэм штрафкIэ яфIэкIыныр щагъэтын хуейуэ. Iулъхьэ къызэрыIихар къыщIагъэща - илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ илъэси 10-м нэс лъэхъуэщым игъэтIысхьэ, къидыгъуари хуэдипщIкIэ нэхъыбэу егъэпшыныж! ЛДПР-м я нэкIуIупхъуэхэр къаIуитхыну хьэзырщ Iулъхьэ къеIызых, ахъшэкIэ гуашэ дэтхэнэ зыми. Къэралыр псэунущ «Пэжым и телъхьэхэр дыгъуэркъым» къыхуеджэныгъэм щIэту.

2. ЦIыхухэм я Iуэху дигъэкIынущ!

Властым зригъэсащ бжыгъэхэр Iэзэу зэригъэзахуэу. ЦIыхухэм хуейкъым ахэр - хухах ахъшэр нэхъыбэ кърагъэщIын папщIэ Москва отчётыфI ирагъэхьмэ ядэ. Апхуэдэурэ къулыкъущIэхэр зэрахъуэкIри, цIыхухэм я гугъуехьыр зэрыщытауэ къонэж.

УнафэщIхэм я бгъэдыхьэкIэ мыхъумыщIэмрэ Iуэхухэр Iэпэдэгъэлэл зэращIымрэ къыхэкIкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ унэхэр зэгъэпэщыжын Iуэхумрэ кIуэцIрыхуащ. ЦIыхухэм абыхэм зэрызыхуагъазэм и Iыхьэ щанэр я псэукIэр зэрымыхьэнэншэм теухуа лъэIущ. ЖКХ-м ягъакIуэ ахъшэр зэи ирикъуркъым, апхуэдэурэ зэбгъэпэщыжын уни къэнэнукъым.

ЛДПР-м и нэIэ щIигъэувэнущ псым, токым, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм я уасэр къызэралъытэ щIыкIэр икIи коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ зэфIэзых IэнатIэхэм нэхъыфIыр, нэхъ пудыр къыхэхыным зригъэужьынущ. Мис абыхэм ягъэмэщIэнущ ЖКХ-м къыщекIуэкI уасэхэр.

Апхуэдэ дыдэуи ЛДПР-р кIэлъоплъ тыкуэнхэм щыIэ уасэхэми! Дэтхэнэ цIыхури зыгъэгузавэ Iуэхущ ерыскъыхэкIхэм я уасэм махуэ къэс зэрыхэхъуэр, ауэ щыхъукIи, пенсэмрэ улахуэмрэ зэрыщытауэ къэнэжу. Уасэр ящэм хуэфащэу щытын хуейщ, ар дэгъэуеиныр щIэпхъаджагъэщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, шэ литр зытратхэ банкIым грамм 0,9 иту, тхъуий килограмм илъу зытратхэм грамм 800 илъу ящэныр къезэгъыркъым. Уеблэмэ, коробкэм тет ерыскъыр нэхъ мыхьэнэншэкIэ зэхъуэкIауэ иралъхьэныр кърагъэзэгъ ар къыщIэзыгъэкIхэм, апхуэдэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ. ЛДПР-м трегъэчыныхь «Уасэ пэжым теухуауэ» законыр къэщтэн зэрыхуейм, икIи ар пхыдгъэкIынущ! Куэдщ цIыхухэм лей зэрефхар! Пэжым и телъхьэхэращ цIыхухэм къащхьэщыжыр!

3.Пэжыр жыIэн!

Властым икIэщIыпIэкIэ зэфIихын хуей Iуэхухэр щыщIихъумэ е щибзыщI къохъу. КъулыкъущIэхэм захудогъазэ: фи къалэнхэм фапэмылъэщмэ, фыIукI! Къахуренэ а къулыкъур пэжыр зи гъуазэхэмрэ тегушхуауэ лажьэхэмрэ.

ЛДПР-м къегъэув щIыналъэм щыщыIэ щытыкIэр цIыхубэм я деж зэпкърыхауэ нэзыхьэс зы ухуэкIэ гуэр щыIэн хуейуэ. Дэнэ деж сыт щауухуэнуми, щызэрагъэпэщыжынуми жылагъуэм ящIэн хуейщ. ЦIыхубэм ящIэн хуейщ бюджет ахъшэр здэкIуэр!

ЛДПР-р илъэс бжыгъэ куэд щIауэ топсэлъыхь щIыналъэхэм ятелъ щIыхуэр ящхьэщыхын зэрыхуейм. Хэгъэгухэм щIыхуэр япшынурэ абы щыщхэм я псэукIэм зэрызрагъэужьын ахъшэ къахудэгъэкIакъым. Ар къемызэгъщ! Урысейм и Президент Путин Владимири къыддиIыгъащ ди жэрдэмыр, икIи бюджетым къыхэкIа кредитым и Iыхьэ щанэр щIыналъэхэм щхьэщахыну унафэ ищIащ.

Пэжыр жыдывгъэIэ: иджырей унафэщIхэм щIалэгъуалэр щIыналъэхэм щызэтраIыгъэфкъым. Дауи, сом мин 30-кIэ упсэуфын? Сабий къалъхуагъащIэр дохутырым деж щIэпхьэн папщIэ, мазитI-щыкIэ чэзум ухэтын хуейщ. Е IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтагъащIэм и унагъуэр игъэшхэну Iэмал иIэкъым.

Мис апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIкIэ, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр Москва е нэгъуэщI къалэшхуэхэм макIуэ, Iэмал нэхъыбэ щыIэщи. Ауэ дэ дызэрыщыгъуазэмкIэ, абыхэм я нэхъыбэр я унэ, я хэку исыжыну хуейщ. Абы папщIэ гъащIэм зэрыхэпсэукIыфын Iэмалхэр къахузэгъэпэщын хуейуэ аращ - узыншагъэр хъумэным, лэжьапIэ къэгъуэтыным, унагъуэ ухуэным теухуауэ. Куэдщ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуу жаIэу псалъэмакъ купщIэншэу къекIуэкIар. ЛДПР-м къыхуреджэ - лэжьэным и пIалъэр къэсащ!

УФ-м и Коммунист партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и хэхыныгъэ программэм щыщщ

КПРФ

Къалэ ухуэным, зэхэзекIуапIэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм я лэжьыгъэмрэ егъэфIэкIуэным теухуауэ:

- республикэм ит къуажэ псоми зэпыу имыIэу псы яIэрыхьэу щIын;
- зэхэзекIуапIэхэр зыхуей хуэзыгъазэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и унафэр зыгъэзащIэ IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьыгъэхэм депутатхэр кIэлъыплъу хабзэ гъэувын;
- псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IуэхущIапIэхэмрэ КъБР-м унафэ щызезыхьэ компаниехэмрэ ягъэув уасэхэм унафэ зыIэщIэлъхэр нэхъ ткIийуэ кIэлъыгъэплъын;
- пхъэнкIийр Iуахын Iуэхур къалэн ткIийм хуэгъэкIуэн, кIэрыхубжьэрыхухэм елэжь IуэхущIапIэхэр гъэлэжьэн;
- зэхэзекIуапIэхэр зыхуей хуэгъэзэн Iуэхур убгъуауэ егъэкIуэкIын: щхъуантIагъэхэр хэсэн, зыгъэпсэхупIэхэм, спорт, сабий джэгупIэхэм зегъэувгъун, уэздыгъэхэр уэрамхэм тегъэувэн, унэ псоми машинэ гъэувыпIэхэр ярикъуу хухагъэкIыным кIэлъыплъын;

Щэнхабзэм, спортым, туризмэм щыхущIэкъун:

- республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, ижькIэрэ къадекIуэкI лъапIэныгъэхэр хъумэн, анэдэлъхубзэхэм зегъэужьын, я мыхьэнэр къэIэтын;
- республикэм щыпсэухэм я псэупIэхэм пэгъунэгъуу бассейнхэр, спорт ухуэныгъэхэр, сабий джэгупIэхэр, щэнхабзэ нэгузегъэужьыпIэхэр къызэгъэпэщын;
- республикэм и санаторэ-зыгъэпсэхупIэ псори къэIэтыжын, цIыхухэм абы зыщагъэпсэхуну Iэмал етын;
- республикэм къакIуэ хьэщIэхэмрэ туристхэмрэ зыхуей хуэзэн хуэдэу лэжьыгъэр къызэгъэпэщын;

ЩIалэгъуалэ политикэм теухуауэ хущIэкъун:

- гукъэкIрэ хэлъэтрэ зиIэ щIалэгъуалэ зэчиифIэр республикэм и къэкIуэну махуэм телажьэу къэлъытауэ, сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэн;
- республикэм ит IуэхущIапIэхэм щIалэгъуалэм папщIэ яIэ IэнатIэхэр квотэхэм епхын;
- школакIуэхэмрэ студентхэмрэ республикэм и транспортымкIэ пщIэншэу зекIуэну хуит зыщI хабзэ къыдэгъэкIын;
- унагъуэщIэхэмрэ сабий куэд зэрысхэмрэ къэралым нэхъ защIигъакъуэу щIын;
- щIалэгъуалэр хэкупсэу, граждан гупсысэкIэ яIэу, адрей лъэпкъхэм щыщхэм ядекIуэкIын зэрыхуейр къагурыIуэу къэтэджыным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр къэIэтын;
- сабий-ныбжьыщIэ спортым зегъэужьын, щIалэгъуалэм творчествэм зратыну Iэмал етын;

Республикэм и цIыхубэ-политикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ мыбыхэм хущIэкъун:

- республикэм и цIыхубэ-политикэ щытыкIэр езыгъэфIэкIуэну хабзэхэр къыдэгъэкIын, лъэпкъ зэмыщхьэм я зэхуаку зэгурыIуэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ зыщегъэубгъун;
- КъБР-м щыIэ цIыхубэ-политикэ зэхэтыкIэр ефIэкIуэн папщIэ, республикэм и унафэщIхэм, политикэ партхэмрэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэмрэ ядэлэжьын;
- лъэпкъ зэхэгъэжым, лъэпкъ щхьэхуэм гужьгъэжь хуэщIыным, дин-политикэ зэхэгъэщхьэхукIынымрэ экстремизмэмрэ ткIийуэ япэщIэтын;
- щIыпIэ самоуправленэхэм я унафэщIхэр IэIэткIэ хахыу хабзэ къэублэжын, абыхэм я мыхьэнэм хэгъэхъуэн;

КъБР-м и цIыхухэм я гукъеуэхэр ящхьэщыхын IуэхукIэ къащтапхъэ хабзэщIэхэм епха жэрдэмхэр къэрал унафэщIхэм ябгъэдэлъхьэн, псалъэм къыдэкIуэу:

- пенсэ кIуэгъуэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр щхьэщыхыжауэ, ар цIыхубзхэм я дежкIэ илъэс 55-м, цIыхухъухэм я дежкIэ илъэс 60-м хуэгъэкIуэжын;
- хэхъуэшхуэ зимыIэ цIыхухэм налогхэр ящхьэщыхын;
- егъэджэныгъэмрэ медицинэмрэ халъхьа «оптимизацэр» Iухыжын;
- щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ стратегие мыхьэнэ иIэу промышленностым къыщIигъэкI хьэпшыпхэмрэ цIыхубэ мылъкуу къэлъытэн, спирт зыхэт ерыскъыхэкIхэр къэралым ейуэ гъэувын;
- стипендиехэр МРОТ-м хуэдиз щIын, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат еджапIэхэмрэ колледжхэмрэ къэзыухуагъащIэхэр IэнатIэ ягъэувынымрэ дэчыхыныгъэ хэлъу псэупIэ иратынымрэ пхызыгъэкI хабзэ къыдэгъэкIын.

Республикэм и цIыхубэм КПРФ-м и лъэныкъуэр къыхихрэ КъБР-м и Парламентым абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыхъумэ, КПРФ-м и фракцэм хэтхэм мыпхуэдэ къалэнхэр зыщащIыж:

- къулыкъущIэхэмрэ муниципалитетхэм я IэщIагъэлIхэмрэ зэIущIэхэм кърагъэблагъэурэ, езыхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм хэхакIуэхэр зэпыу имыIэу щыгъуазэ ящIынущ;
- республикэм ис цIыхубэмрэ къащхьэщыжын зимыIэхэмрэ я Iуэхур нэхъыкIэ зыщI хабзэхэм щхьэкIэ Iэ яIэтынукъым;

Дэ дыхьэзырщ фи Iуэху дэдгъэкIыным дыхущIэкъуну!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэтыну депутатхэм я хэхыныгъэхэм ирихьэлIэу «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и программэ

ЕДИНАЯ РОССИЯ

Егъэджэныгъэ

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ лъэпкъ зыужьыныгъэм и шэсыпIэ нэхъыщхьэщ. Абыхэм елъытащ къэралми ди республикэми я къэкIуэнур. Абы къыхэкIыу егъэджэныгъэм зегъэужьыныр, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ программэхэм мылъку хэлъхьэныр ди лэжьыгъэм и унэтIыныгъэхэм ящыщ зыщ.

2018 гъэм щегъэжьауэ партым и «ЕджапIэщIэ» проектыр ягъэзащIэкIэрэ КъБР-м и щIыналъэхэм школ 15 щаухуащ, 60 зэрагъэпэщыжащ, тIысыпIэ 3465-рэ иIэу зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэщIэхэр къызэIуахащ. Апхуэдэу яухуащ Нарткъалэ дэт лицей №1-м и унэр, Ташлы-Тала школыщIэ дащIыхьащ. 2020 гъэм тIысыпIэ 1224-рэ иIэу Налшык къалэ къыщызэIуахащ курыт школ №33-р. Илъэс дэкIри, Шэджэм егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ щаухуащ. УнэщIэхэм Iэпхъуащ Солдатскэ станицэм дэт, Грицай П. и цIэр зезыхьэ школымрэ Ново-Ивановскэ жылэм Козуб Ш. и цIэр зезыхьэ лицей №7-мрэ.

Нэгъабэ Куба къуажэм дэт школ №1-м, Прохладнэ къалэм Бойченкэ В. К. и цIэр зезыхьэ школ №5-м, Нарткъалэ и еджапIэ №4-м я гъэсэнхэм гъэ еджэгъуэщIэр унэщIэхэм щыщIадзэжащ. Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн, Май къалэхэм, Красносельскэ, Сэрмакъ, Псынабэ къуажэхэм школыщIэхэр щаухуащ икIи фокIадэм и 1-м сабийхэр абы зэрыщрагъэблэгъэжынум зыхуагъэхьэзыр. А IуэхущIапIэ псоми сабийхэм я егъэджэныгъэм хуэщIауэ иджырей щытыкIэхэр къыщызэгъэпэщащ, тIысыпIэ нэхъыбэ иIэу ящIащ. Егъэджэныгъэ жыпхъэщIэхэм иту иджыри школыщIи 10 яухуэ: Налшык - щы, адрейхэр - Нарткъалэ, Тэрч, Терскол, Шэджэм ЕтIуанэ, Прималкинскэ, Александровскэ. ЕджапIэ 57-м сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ. Къищынэмыщlауэ, партым и щIыналъэ къудамэм егъэхьэзыр зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм я зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжын программэмкIэ проектыщIэр зэрагъэзэщIэнур. ЩIыналъэ къулыкъущIэхэм ящIыгъуу зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм я дэтхэнэ зы Iыхьэри зэрыщIагъэкIуэкIынур. А псом къадэкIуэуи, еджакIуэхэм я узыншагъэр хъумэныр, абы щхьэкIэ шэу къэуат зыщIэлъ ерыскъыхэр кIэлъыплъын къыщащIэр IэщIэзытхэщ.

Партым и дэIэпыкъуныгъэкIэ республикэм и школхэм автобусыщIэхэр къаIэрохьэ. Илъэситхум кърииубыдэу транспорт 231-рэ республикэм и школхэм яIэ хъуащ. 2018 гъэм щегъэжьауэ щIыналъэм и школхэм я спорт пэшу 78-рэ зыхуей хуагъэзэжащ: ахэр зэрагъэпэщыжащ, унэхэр зэрагъэхуабэ системэхэр яхъуэжащ, спорт IэмэпсымэщIэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. А лэжьыгъэм адэкIи къыпащэнущ.

Гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIыну ди мурадщ зэпымыууэ лажьэ студент гупхэр къызэгъэпэщыжыным, волонтёрхэм я зэщIэхъееныгъэм зегъэужьыным. ЩIалэгъуалэм я проектхэр, жэрдэмхэр пхыгъэкIыным, дэIыгъыным хуэунэтIауэ лажьэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьыныр партым диIыгъ Iуэхухэм ящыщщ.

Ущыпсэун папщIэ тыншыпIэ псори здэщыIэ

ЕхъулIэныгъэкIэ дгъэзащIэ «Къалэхэм псэукIэ зэпэщ къыщызэгъэпэщын» проектым къегъэув щIыпIэхэр зэгъэзэпэщ щIыныр, щхъуантIагъэ хэсэныр, пщIантIэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, жылагъуэ утыкухэр къызэгъэпэщыныр. «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партым и проектхэм ящыщу мы Iуэхур республикэм и цIыхухэм я дежкIэ нэхъ щIэупщIэ зиIэхэм ящыщщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы ахэр жыджэру хэтщ - езыхэм яубзыхуж я къалэхэр, къуажэхэр зэрыщытынур. Проектыр щагъэзащIэ республикэм и къалащхьэми абы и щIыналъэхэми.

БлэкIа илъэсым республикэм и щIыналъэ 38-м пщIантIэу 110-рэ, жылагъуэ щIыпIэу 47-рэ зэIузэпэщ щащIащ. Налшык пщIантIэ 50, Нарткъалэ - 6, Бахъсэн - 8, Прохладнэрэ Ново-Ивановскэ къуажэмрэ блырыбл, Учебнэ жылэм - 15, Тэрч къалэмрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэмрэ - щырыщ, Къэщкъэтаурэ Звезднэмрэ - тхурытху зыхуей щыхуагъэзащ. ЗэIузэпэщ ящIа жылагъуэ щIыпIэхэр нэгъабэ гъатхэм ирагъэкIуэкIа IэIэтым кърикIуахэм япкъ иткIэ къыхахащ, а Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху мин 73-рэ. 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэсыхукIэ проектым трагъэкIуэда мылъкур сом зы мелардым щIегъу. А лъэхъэнэм кърииубыдэу республикэм зэIузэпэщ щащIыжащ жылагъуэ щIыпIэу 169-рэ, пщIантIэу 517-рэ, сквер 38-рэ, зыгъэпсэхупIэ жыг хадэу 19, зи бгъуритIымкIэ жыг сатырхэр ирикIуэ лъэс лъагъуэу, джэгупIэ, спорт утыкуэ зыкъом. Дэ къытпэщытщ республикэм и пщIантIэ, жылагъуэ щIыпIэ псори зыхуей хуэгъэзэну.

Ирагъэкlуэкlа пхъэидзэм ипкъ иткlэ, пщlэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къыдэкIа КъБР-м и Закон №56-РЗ-м и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Зи Iэдэбагъыр Iущыгъэм и къежьапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист, тхакIуэ Мыз Ахьмэд и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

Псыпэ тIуащIэм и IэужьыфI

Зэманым и дэтхэнэ зы зэхъуэкIыныгъэми гугъуехьми шыIэныгъэ ин къыхуэзэкъуихыу декIуэкI, къыхуиуха лэжьыгъэ гъуэгуанэм япэж жэуаплыныгъэр иригъэщу, нобэ зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и журналист Iэзэ, тхакIуэ Мыз Ахьмэд и творческэ гъуэгуанэм уриплъэн къудейм дэрэжэгъуэрэ гъащIэм и дерсрэ къыхэпхыу апхуэдэщ. «Къалэмыр зритыр Тхьэм жагъуэу имылъагъухэрщ», - КъуэкIыпIэ ГъунэгЪум и цIыху Iущхэм я псалъэщ. А къалэмым пщIэнтIэпскIэ кърихьэлIа лэжьыгъэр щыщIыгъум деж, апхуэдэ цIыхум фIыщIэ тIуащIэ къелэжь.

- СЭ РАДИОМ сыкIуэн ипэкIэ илъэситхукIэ рабочэу, уеблэмэ хьэлъэзехьэу сылэжьащ - зэпсэлъэныгъэр аращ зэриублар Ахьмэд, ар и напщIэм зэрытелъым, зэрыригушхуэм зэуэ гу лъыптэу. ГуащIэдэкIымрэ псэ къулеигъэмрэ зи бащэ творческэ цIыхум и дунейри куущ.

Акъыл жанагъ? ЗыгъэпIейтей гурыгъу? Сабиигъуэ? - я дэтхэнэра Ахьмэд и гъуэгупэр изылъар?

- Ещанэ классым къыщыщIэдзауэ тхылъ еджэн фIэкIа нэку сиIакъым. ЯпэщIыкIэ сабий Iуэтэжхэр, ебланэ классым сыщынэсым, прозэхэр. Тхылъ еджэныр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуа егъэджакIуэфIхэр сиIащ. Я цIэр фIыкIэ къисIуэну сыхуейщ япэу сезыгъэджа Бэч Зерэ, адыгэбзэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуа Хьэсанэ Хьэбашэ, ШэрыIужь Iэуес сымэ. Си гъащIэм лъэужьышхуэ къыханащ ноби зи чэнджэщхэмрэ зи ущиехэмрэ си тхьэкIумэм ит цIыху зыбжанэм. Си анэшхуэ Дахэужьэ... къыттеубгъуауэ и гъащIэр ихьащ дэ зэрыбинитхум. Си адэр дунейм щехыжам илъэс 32-рэ хъуа къудейт, си адэшхуэри цIыху хейхэм залымыгъэ щраха зэманым хиубыдащ, илъэс 34-рэ фIэкIа къигъэщIэну хунэмысауэ... Зэпыуда псыпэр къэна щIэблэм щIэрыщIэу къадэушыжын хуейт, фIым ухуэзыущий нэхъыжьыфIхэм я гулъытэрэ я дэIэпыкъуэгъукIэ. Апхуэдэт Псыгуэнсу жылэшхуэм ноби зи цIэр фIыкIэ ягу къагъэкIыж, лIыгъэ зэрихьэу Хэку зауэшхуэм хэта си анэшхуэ дэлъху Семэн ТIутIэ. Абы и къуэ Хьэбасрэ сэрэ дыкъызэдэхъуащ и быным сыпищIу ТIутIэ и нэIэ къыстригъэту. Си анэ шыпхъум и къуэ Мэлбахъуэ МуIэедрэ абы и щхьэгъусэ Хьэужанрэ сэркIэ гъащIэ гъуазэ жыхуиIэм хуэдэщ. СыкъыдэкIуэтей-ри, литературэм хуэсча япэ лъэбакъуэхэр къыздиIыгъащ Мысачэ Пётр. Абы и анэр тпэмыжыжьэу псэурти, си тхыгъэхэм хэзгъаплъэрт, къысхуищI дагъуэхэм куэди къыхэсхырт.

Радиом сыкъызэрыкIуам си къуэш нэхъыжь Мухьэмэд и щхьэгъусэ Майе и сэбэпышхуэ хэлъащ - цIыху къащтэн хуей щыхъум, аращ сыкъэзышари къысщхьэщыпсэлъыкIари. Мыз - Сыжажэ Майе ноби цIыхубэм фIыуэ ялъагъуу и лэжьыгъэр радиом къыщрехьэлIэ.

«Япэу си школ кIуэкIар мыращ», - гум къехуэбылIэ гуэр игу къызэрыкIыжар къапщIэу Ахьмэд мащIэу пыгуфIыкIащ. Ди зэманым цIыкIухэр иджы хуэдэу кърашэкIыртэкъым. Зи школ щIэтIысхьэгъуэ нэсахэр езыхэр кIуэрт, арщхьэкIэ сэ сашэн хуейуэ япэзубыдащ. Арати, Семэн ТIутIэ ипхъу Iэмсирэт цIыкIу и деж сашэри, абы си Iэпэр иIыгъыу саутIыпщащ. Абы щыгъуэм ар си ныбжь дыдэу арат. Iэмсирэт къуажэм и егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зы къищIыкIащ...

Быным я ещанэ Ахьмэд къуэшиплI иIэт: Мухьэмэд, Iэхьед, Алик, Алексей. Пасэу адэр ящхьэщыкIами, абыхэм я дэтхэнэми щIэныгъэ зрагъэгъуэтащ, щапхъэ зытрахым хуэдэу щхьэж зэрихьэ къулыкъумрэ лэжьыгъэмрэ псэ хьэлэлкIэ бгъэдэту. Ауэ гъащIэр уэ зэрыбухуэу къекIуэкIтэмэ сытыт... Иджыри щIалэу дунейм ехыжащ Мухьэмэд, Iэхьед, Алексей...

Журналистым и пщэрылъщ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми хищIыкIыныр, зэманым къыдэкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэми хуэнабдзэгубдзаплъэныр. Ар къызэхъулIахэм ящыщщ Ахьмэд. Республикэм и псэуныгъэ гъащIэм, цIыху хьэлэмэтхэм, нэхъыжь Iущхэм ятеухуауэ абы игъэхьэзыр нэтынхэм удихьэхыу узэмыдаIуэ яхэткъым. Апхуэдиз илъэскIэ а лэжьыгъэм пэрытам тыншу зэпелъытыф лъэпкъым и блэкIари, нобэ ар зыгъэпIейтейри, пщэдей къэкIуэнкIэ хъунум и жыпхъэри, псоми жэуап тэмэм къыхуигъуэтыфу.

ЛIэщIыгъуэ зэблэкIыгъуэм къыдэхьея Iуэхугъуэ куэд ноби и пIэм изэгъауэ пхужыIэнукъым. Абы къыпикIухьакъым лъэпкъ щэнхабзэми, ди бзэми. Ар псэкIэ зыхещIэ Ахьмэди.

- А IуэхугъуитIми я кIыщу, я хъумакIуэу нобэм къэса ди адыгэ къуажэхэм сабий цIыкIухэр урысыбзэкIэ щызэпсалъэ хъуащ. Совет лъэхъэнэ къудейм щыIакъым апхуэдэ. КъежьапIэр - компьютер хуэIухуэщIэхэм дызэрыхуэкIуарщ. Апхуэдэу Iуэхур екIуэкIмэ, къызэтенэнкIэ хъуну ди бзэр?.. Ди хьэгъуэлIыгъуэхэм я екIуэкIыкIэри гулъытэ зыгъуэтыпхъэт. Пэжщ, зэпэщу, гъэщIэрэщIауэ йокIуэкI, арщхьэкIэ нэгъуэщI лъэпкъ хабзэхэм я зегъэкIуэкIэ куэдыщэ къыхыхьащ. Псалъэм папщIэ, дапщэщ щауэмрэ нысащIэмрэ къызэдэфэу утыку щитар? Си щхьэкIэ ар екIуу къэслъытэркъым, ди адыгэ хабзэр тлъытэжыххэмэ. Ди хабзэхэм я лъабжьэу щытар нэмысырщ. Си гум къоуэ ди гуфIэгъуэ Iуэхухэр хамэ Iуэху зехьэкIэхэм хуэмурэ зэрыхуагъакIуэр икIи ар къызыбгъэдэкIыу къэслъытэр унагъуэм ис цIыхубзхэрщ, - щабэу къыхегъэщ Ахьмэд.

ТхакIуэмрэ ар къыщалъхуа, къыщыхъуа жылэжьымрэ я зэпыщIэныгъэр инщ. Къуажэ гъащIэрщ къалэмыпэр зыгъабзэри гупсысэр зыпсыхьри. Ахьмэд зыщIапIыкIа цIыху зэрылъытэкIэ куум и Iэужьыр и тхыгъэхэми иригъэкIуэкI нэтынхэми къыхощ, абы и жыбгъэ къабзэр и псэлъэкIэ нэгъунэ ящIихуу пIэрэ жыпIэу.

- Япэм куэбжэпэ къэс тетIысхьэпIэшхуэхэр тетт, гъунэгъухэр абы щызэхуэсрэ пщэдджыжьыпэ е пшапэ уэршэр тIэкIухэр щрагъэкIуэкIыу. Дадэхэр щхьэхуэу щытеси, унэгуащэхэр нэхъ щызэрихьэлIи къэхъурт. Зым и унагъуэм щекIуэкIым адрейр щыгъуазэт. Я псалъэр зэрызэIурылъым и мызакъуэу, я дзыхьэри зрагъэзу апхуэдэт. Куэдрэ сигу къокIыж: ди гъунэгъу цIыхубзыр некIуэкIыу си анэм къелъэIуауэ зэрыщытар, кхъыIэ, щаитI къызэт, сэри сиIэщ ар, ауэ сысейр зэгуэтщи, ар иджыпсту езгъэкъутэмэ, сIэщIэкIуэсыкIынущи аращ жиIэу. Апхуэдизу Iуэхум я нэхъ цIыкIу дыдэмкIи зэдэгуашэрт цIыхур. Зыгъуэрым ерыскъы IэфI ипщэфIамэ, абы гъунэгъу Iыхьэр Iэмал имыIэу хихырт, хьэблэдэсхэр зэпэIэбэрт. АпхуэдэтэкЪэ гъунэгъухэм хуахьу щыта мэрем гъэшыр...

ЦIыхур гъунэгъу зэхуэзыщIу щыта апхуэдэ Iуэхугъуэ куэд гъащIэм IэщIыб ищIащ, мащIэ-мащIэурэ хэщIыныгъэ ягъуэт адыгэм къыддекIуэкI хабзэхэм, щэнхабзэм, бзэм. Арыншами бзэм хэкIуэдыкIыжащ япэм зэрахьэу щытауэ иджы къамыгъэсэбэпыж хьэпшыпхэм, земыкIуэж IуэхущIафэхэм я фIэщыгъэхэр. Ауэ псом нэхърэ нэхъ щхьэрыжэр ди унагъуэхэм къыщыхъу сабий цIыкIухэм адэ-анэ куэдыр адыгэбзэкIэ зэремыпсэлъэжырщ. Лъэпкъыбзэм зи гъащIэр тезыухуа журналистым бгъэдэлъ щIэныгъэ куур гущIыIу къищIыну зэи хущIэкъуркъым, махуэ къэс абы зэрыхигъэхъуэным хущIэкъу мыхъумэ. «Псори зыщIэр зыми химыщIыкIыу жызыIэрщ», - жиIэгъащ еджагъэшхуэхэм ящыщ зым. А псалъэхэр сыткIи бгъэдэплъхьэ хъунущ Ахьмэд и гупсысэкIэм, и зыIыгъыкIэм, и гъащIэ еплъыкIэм.

Лъэпкъ гупсысэмрэ анэдэлъхубзэ къабзэмрэ узэщIакIуэ нэс зыхуэхъуа апхуэдэ лэжьакIуэхэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щыIэныр бэмкIэ, псом хуэмыдэу къыдэкIуэтей щIэблэмкIэ уасэ зимыIэ гъуазэщ. ПщIэ зыхуэтщI ди лэжьэгъу Мыз Ахьмэд дохъуэхъу и унагъуэ дахэм и насыпышхуэкIэ, узыншагъэ быдэрэ, творческэ ехъулIэныгъэкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ахьмэд и унагъуэр.

И благъэ-Iыхьлыхэр.

АдэкIи уефIэкIуэну, Ахьмэд!

ЦIыхугъэкIэ хуэкъулей нэхъыжьыфIым гугъэзагъэу утетхыхьыныр зэрымыIуэху цIыкIум сыщыгъуазэу къэслъытэрт, ауэ ар зэрыгугъусыгъур нэсу къыщысгурыIуар ар къалэн зыщысщIыжа иужьщ.

СИ НАСЫП къикIри, зи тхыгъэ купщIафIэхэмрэ радионэтынхэмкIэ ди республикэм куэд щIауэ щыцIэрыIуэ цIыху хьэлэмэт куэдым сыщIалэ дыдэу ядэлэжьэн щIэздзащ. Апхуэдэхэт, илъэс 35-кIэ узэIэбэкIыжмэ, унафэщIу сиIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм и радиом и адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэхэу илъэс куэдкIэ щыта Къармокъуэ Мухьэмэдрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр зезыхьа БжэныкIэ Мухьэбрэ, нобэ зи гугъу сщIы а адыгэ редакцэм и унафэщI къалэныр зыгъэзащIэ Тэтрокъуэ Астемыр, зи къалэмыпэм тхыгъэ гъуэзэджэ куэд къыщIэкIахэу, игъэхьэзыра икIи иригъэкIуэкIа нэтынхэмкIэ зи цIэ Iуахэу АфIэунэ Рае, Дыкъынэ Хьэмид, Джыназ Юрэ, Хьэжыкъарэ Алик, ХьэIупщы МуIэед, Хьэмту Къадир, МахуэлI Хьаджэт, Багъэтыр Нинэ, Вындыжь Марие, Аброкъуэ Беллэ, Гъубжокъуэ Раметэ, зи цIэр куэдрэ зэхахыу илъэс куэдкIэ къыддэлэжьа режиссер Ащнокъуэ Тамарэ, оператор Бакуу Борис, IэщIагъэлI гъуэзэджэу, нэхъыжь ахъырзэману, творческэ гупым нэхъыжь Iумахуэу къытхэта Емуз Гъузер, зи цIэмрэ лэжьыгъэмкIэ куэдым яцIыхуа, я гум гуапэу къина нэгъуэщI цIыху гъуэзэджэ мымащIэхэри.

Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу, жыпIэ хъунущ а гупым къыхэлыдыкI зы вагъуэу, зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу, зи къалэмыпэр творческэ лэжьыгъэм сыт щыгъуи хуэIэижьу, нэмысыфIагъэ ин зыбгъэдэлъ, нэгъэсауэ адыгэлIкIэ узэджэ хъуну, цIыху щэджащэ, журналист, тхакIуэ Мыз Ахьмэд.

И щхьэ Iуэху, е лэжьыгъэм ехьэлIауэ гупым тщыщ гуэрым упщIэ къыхуэувамэ, псом япэу зэчэнджэщхэм ящыщ зыщ Ахьмэд.

ИтIанэ, уэршэрэгъу пщIыну уасэ зимыIэщ. Псалъэ лей е ущызыгъэуэн пхужиIэнукъым, гушыIэ къызыгурыIуэ икIи фIыуэ зылъагъу, спортым дихьэх цIыхущ. ЖиIэмэ, пэж фIэкIа къыжьэдэкIынукъым.

Сохъуэхъу нэхъыжь Iумахуэр и щхьэкIи, и унагъуэкIи адэкIи ефIакIуэу, гукъеуэншэу, узыншагъэ щымыщIэу илъэс куэдкIэ псэуну. Тхьэр гухэхъуэкIэ мардэншэу зыхуэупсэн уищI, Ахьмэд!

ШАФИЙ Аслъэн.

Мыз Ахьмэдрэ и лэжьэгъухэмрэ.

Пэжыр сыт щыгъуи и нэрыгъщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, тхакIуэ, си ныбжьэгъуфI Мыз Ахьмэд и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу. Ар лIэщIыгъуэ ныкъуэ хъуауэ соцIыху, абы и унэкъуэщ Мыз Ризуан нэIуасэ дызэхуищIауэ. 70 гъэхэм Ризуанрэ сэрэ дыщызэдэлэжьат станок щащI заводым. Сэ станокхэр щызэпкъралъхьэ цехым сыщыпэщащэрт, ар пкъыгъуэхэр щагъэхьэзыр цехым и мастерт. ЦIыху тэмэму слъэгъуащ, ауэрэ ди гупсысэ зэтехуэри, ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. ЦIыху зэпIэзэрытт, фэрыщIагъ лей зыхэмылът.

АХЬМЭД а лъэхъэнэм щыIэт Налшык унэлъащIэ щащI комбинатым. Ди заводымрэ абырэ зы бжьыь ди зэхуакути, ари зэран къызэрытхуэхъу щымыIэу дызэкIэлъыкIуэрт. Зы махуэ гуэр Ахьмэд ди заводым и шхапIэм къэкIуауэ Ризуан дызэбгъэдишащ: «ФызэрыцIыху, хэт ищIэрэ, тIуми зыгуэрхэр фоуцIырхъ, фи гъуэгу зы хъункIэ хъунщ», - жери. Дэ асыхьэтым а псор зэдгъэзэхуагъэнкъым, ауэ Ризуан нэхъ жыжьэ плъэфу къыщIэкIащ, ди гъуэгури зы хъуащ. ИпэжыIэкIэ, дызэрыцIыхуа щхьэкIэ, зэпыщIэныгъэшхуи диIакъым, ауэ дызэрыщIыIуэрэ екIуэкIащ. Иужьым сэ радиом и корреспонденту срагъэблагъэри, илъэситIкIэ сылэжьауэ Ахьмэди нраджащ. Ар къыщыхьуар 1979 гъэм и жэпуэгъуэ мазэрщ. Абдежым къыщыщIэдзауэ Ахьмэдрэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэр нэхъ быдэ хъууэрэ дыкъэгъуэгурыкIуащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди IэщIагъэм дызэхуишащ. Зи IэщIагъэ зэтехуэ псори ныбжьэгъу зэхуэхъуркъым. Ныбжьэгъу щызэхуэхъур я хьэлкIэ, я Iуэху еплъыкIэкIэ, я гурыгъугурыщIэкIэ щызэпэгъунэгъум дежщ. Мыз Ахьмэд а псомкIэ шу гъусэ схуэхъуауэ къызолъытэ. Ар цIыху зэпIэзэрытщ. Абы и дежкIэ сыт хуэдэ Iуэхуми пэжыр пэжу зэрыщигъэтыныр и нэрыгъщ.

ЖаIэ цIыхур къэпцIыхун папщIэ шыгъу пут дэпшхын хуейуэ. Нэхъыбэ дэсшхагъэнщ, атIэми сэ а лIым уэим пщIын щыуагъэ илъэжьауэ дэслъэгъуакъым. «Мыхьэнэ зэптын, цIыхум зэран зэрыхуэхъун щыуагъэ Мыз Ахьмэд ищIакъым» жысIэу шэсыпIэ сихьэфынущ.

Фэшхуэ-лышхуэ зытелъкъым Ахьмэд, ауэ ар укъэзыгъапцIэ теплъэщ. Гушхуи кIуэцIылъщ, цIыхугъи хэлъщ, щIэныгъэшхуи иIэщ. Ар езэш имыщIэу еджа, еджэныр иджыри зэпызымыгъэуа журналистщ. Махуэ къэс и щIэныгъэм хигъахъуэу, зыгуэр къищIэху гъэщIэгъуэн щыхъуар игъэбагъуэу мэпсэу. Газет, журнал къыдэкIыгъуэ блигъэкIыркъым емыплъу, еплъ къудей мыхъуу гупсысэ гуэр къыхихыущ зэрыщытыр. А псом Мызым и къэухьым зригъэужь зэпыту зэрыщытыр хьэкъщ.

Ар тхакIуэщ. ЩIэныгъэм къигъэхъуапIэ куэд щиIэщ Ахьмэд. Урысей литературэми, хамэ къэрал литературэми къыхихьэ дэтхэнэри занщIэу елъагъу икIи едж. Езым и къалэмыпэ къыщIэкIам хуэдэу щогуфIыкI ди адыгэ литературэм къыхэбакъуэ дэтхэнэ тхакIуэми усакIуэми. Тхыгъэр дунейм къызэрытехьэу, пIалъэ лей къыхимыгъэкIыу, щыгъуазэ зещI, ар зейм къехъулIамкIэ догуэшэж. Псом хуэмыдэу усэхэм щыхэплъэкIи, прозэм щыхэIэбэкIи, бзэ къулей иIэу илъэгъуамэ, къытригъэзэжурэ щIеджыкIыж, дэрэжэгъуэ къыхихыу. Апхуэдэу бзэр зыгъэшэрыуэр зригъэцIыхуным хуопIащIэ, хуэмышэчу, зимыIэжьэу зыхуегъэзэ, йопсалъэ, трегъэгушхуэ. Япэ лъэбакъуэр литературэм хэзычэ дэтхэнэмкIи апхуэдэ гулъытэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ахьмэд хэткъым фIыщIэ къихьыну, атIэ зыщыгуфIыкIыр имыбзыщIу аркъудейщ. КIэщIу къэбгъэлъагъуэмэ, псэ къабзэ зиIэ тхакIуэщ.

Бзэ къулей езыми иIэщ, бзэр кууууэ зыджщ. Ар щапхъэхэмкIэ къэзгъэлъэгъуэфынущ. КъапщтэмэЗ, бзэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доктор диссертацэ зыгъэхьэзырауэ зыкъым, тIукъым абы и деж къэкIуар тхыгъэм хагъэплъэну. Абыхэм хущIегъуэжаи къахэкIакъым, сыту жыпIэмэ гу зылъытапхъэ куэдкIэ чэнджэщ яриту, щыуагъэ яIэщIэкIахэмкIэ езыхэр арэзы техъуэжу ядолэжьэф, уеблэмэ «щIэрыщIэу ттхыжыныр нэхъыфIщ» жызыIэ къахэкIыу.

Езы Мызым диссертацэ имыгъэхьэзырами, тхакIуэ къэлэнымкIэ и къалэмыпэ къыщIэкIари мащIэкъым. Псом япэ изгъэщынщ и уэрэдыр. Зы уэрэд итхар, «щэ и уасэу зы уэстын» жыхуаIэм хуэдэ хъуащ. Ар ящыщкъым щэ бжыгъэкIэ ятха уэрэд цIуугъэнэхэм. «КъызжаIэр уи нэхэм нэгъуэщIщ» фIэщыгъэр иIэу ар дунейм къытехьащ. Макъамэр абы хуэзытхар Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Согуэ Данилщ, зыгъэзащIэр макъ дахэкIэ Тхьэр зыхуэупса Къашыргъэ Мухьэмэдщ. ФэрыщIагъ хэмылъу, гукIэ, псэкIэ зыхэпщIэн хуей лъагъуныгъэ уэрэдщ ар.

Повесту щы, рассказ, новеллэ жыпIэми зы тIощIырыпщIым нэс дунейм къытехьащ Ахьмэд ейуэ. Пэжщ, нэхъыби хуэтхынт, ауэ радиожурналист IэнатIэм пылъ жэуаплыныгъэм тIийуэ зэриIыгъым Ахьмэд тхакIуэр куэдкIэ зэрилъахъэр хьэкъщ. А повестхэри рассказхэри нэхъыбэу щитхар IэнатIэ зыпэрытым зыгъэпсэхугъуэ мазэр къыщритымрэ лэжьыгъэм къыщыдэхуэ сыхьэт мащIэхэмрэщ.

ЦIэрыIуэ хъуа повестщ къапщтэмэ, «Щожэх аддэ жыжьэу Урыху» жыхуиIэр. Ар теухуащ 30 гъэхэм ди республикэм щекIуэкIа политикэ залымыгъэм къиша тхьэмыщкIагъэр зылъэса зы унагъуэ. Лажьэ зимыIэу унагъуэ хъарзынэм пцIы кIэралъхьэри дашащ. Хьыджэбз цIыкIуитIрэ зы щIалэрэ яIэу унагъуэр Къэзахъстаным и щIыпIэ нэхъ дыдж дыдэм щагъэтIысащ. ХамэщIым емыса, гъащIэ дыджым хуэмыхьэзыр хьыджэбзитIыр абы дунейм щехыжащ.

А тхылъым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэIущIэ гъэщIэгъуэн щрагъэкIуэкIауэ щытащ, щIэныгъэм хуэпабгъэ студентхэм я саулыкъукIэ. ТхылъеджэкIэм езым я фэ дэкIам хуэдэу, езыхэм къалъыса лейуэ къащыхъуу игъэгупсысэну авторым зэрыхуэзэфIэкIар зэIущIэм купсэ хуэхъуащ. Дэтхэнэ зыми ягукIэ ягъэващ, я псэкIэ зыхащIащ лажьэ зимыIэ унагъуэм къылъыса лейр, къулыкъу зыIыгъхэм щыуагъэ яIэщIэкIмэ къихь гуIэгъуэр зэрыиныр къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэ дыдэу къалэ, къуажэ школхэми а тхылъым пэджэжу зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ езы Мыз Ахьмэд ирагъэблагъэурэ.

Тхылъ гъэщIэгъуэнщ лъагъуныгъэ пэжым и дахагъыр къыщыгъэлъэгъуа «Гъатхэ уэс» повестри.

Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ ди адыгэ тхакIуэхэм я къалэмыпэ куэд къыщIэкIауэ щыIэу пхужыIэнукъым. Апхуэдэ художественнэ литературэр дызэримащIэр къэплъытэмэ, Мызым фIыщIэ хуэфащэщ «Ахын и гуIэ макъ» рассказым папщIэ.

ТхакIуэ Iэзэ къызэрыхэкIынур пасэ дыдэу къигъэлъэгъуауэ щытащ и япэ рассказ «Зауэм и джэрпэджэж» зыфIищамкIэ. Ар гукъинэж хъуащ. Абы щыгъуэ ныбжькIэ ар иджыри здынэса щыIэтэкъым, балигъыпIэ иува-имыуват, ауэ пасэу къыгурыIуат зауэм фIы къызэримыхьыр. Зауэр ягъэувыIэу къэралхэри зэгурыIуэжа пэтми, абы лъэужьыфI къызэримыгъанэр наIуэу къигъэлъэгъуащ а рассказымкIэ. Абдежым къыщыувыIакъым щIалэр, атIэ къриIуащ повестхэр, хьыбар гъэщIэгъуэнхэр.

Журналист лэжьыгъэмкIэ къэбгъэзэрэ и IуэхущIафэхэм уахэплъэмэ, ари гъунапкъэншэщ. Мызыр и IэнатIэм псэ хьэлэлкIэ зэрыбгъэдэтыр махуэ къэс къигъэлъагъуэу мэпсэу. Радиом и къудамэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ гъэпсауэ, зэщхьэщыкIыу екIуэкIащ. ИIэт мэкъумэшымкIэ, промышленностымкIэ, пропагандэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, литературэ къудамэхэр, нэгъуэщIхэри. Ахьмэд зыхэмыIэба абыхэм яхэткъым. Дэтхэнэми щылэжьащ, икIи IэнатIэм хуэфащэу зыкъигъэлъэгъуащ. Къалэн къыщащIа Iуэхум япэщIыкIэ газеткIэ, журналкIэ, уеблэмэ литературэхэмкIэ щыгъуазэ зищIынти, итIанэт зыхуэзэнухэм щахьызэр. Абы зригъэщIар а зыхуэзэхэм япкърыупщIыхьурэ игъэбэгъуэжырт. КъекIуэлIэжырти, илъэгъуар гупсэхуу итхыжыныр къегугъуэкIыжыртэкъым. Апхуэдэущ ар ноби зэрылажьэр. Журналистхэ зэджэ псори журналисткъым. ПлъагЪур пIуэтэжрэ, тха щыIэм укъеджэкIэ ар иджыри журналисту плъытэныр щхьэгъэпцIэжщ. Журналистым езым и гупсысэ иIэжу, езым и Iуэху еплъыкIэр пхигъэкIыу, адрейхэм гу зылъамыта гуэрхэр къигъэлъагъуэу щытыныр щ журналист зыщIыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, журналистыр цIыхубэм я унэтIакIуэщ, я гъащIэ гъуэгу гъэкъабзэщ. А щапхъэм мыIейуэ йозагъэ Мыз Ахьмэд. А псор къызыхэкIыр зыщ - нобэ къищIамкIэ арэзы мыхъуу зэлэжьыж зэпытщ.

И щIэныгъэм зэрыхигъахъуэм и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, дунейм щыцIэрыIуэ цIыхушхуэхэм ятеухуауэ къилъыхъуэхэр. Апхуэдэ цIыхушхуэхэу куэдым я псалъэ Iущхэр зригъащIэу, и лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпу къогъуэгурыкIуэ. Дэтхэнэ цIыху цIэрыIуэми теухуахэр фIэгъэщIэгъуэну къегъуэт. Языныкъуэм деж уегупсысын хуей мэхъу «Дэнэ апхуэдиз зэман къыздрихыр, апхуэдизым щыгъуазэ зэрызищIыфри дауэ?» жыпIэу. Абы и жэуапри хьэзырщ. Мыз Ахьмэд хьэрфхэр зэпигъэувэф зэрыхъурэ щхьэхакъым еджэн папщIэ. Iэмалыншэ Iуэхухэм къызэрыпэрыхуу, къанэ зэманыр зритыр тхылъырщ, щIэныгъэр зи лъабжьэ тхылъхэм я кIапэр иутIыпщыркъым. Ар абы и гъусэщ дыгъэ гуащIэм идз ныбжьым хуэдэу.

Мыбдеж зы зэгъэпщэныгъэ мащIэ къэсхьыну игъуэу къысфIощI. Ди зэманым еджэр куэдщ. Ар и щхьэ фIэлъу псалъэ ухуозэ. ЩIэныгъэшхуэ иIэу уигъэлъагъуну «Модэ Цицерон жиIат, Аристотель гу лъыдегъатэ, Конфуций иткхат» жаIэурэ уагъэIущынщ. Ахэр, зэрыжаIэу, бжэгъукIэ къраудми зымыщIэхэми зыщIэхэми я деж щызэхуэдэу уэршэр ирахьэжьэнщ. Ахьмэд апхуэдэ и хьэлкъым. Зэпсалъэм и къэухьыр здынэсым елъытауэщ и псалъэмакъыр зэриухуэр. Нэхъыбэу ар щыуэршэркIэ къигъэсэбэпынкIэ хъунур адыгэ лъэпкъым и псалъэ Iущхэрщ, жыIэгъуэхэрщ. Дэ къытхэкIа цIыхушхуэхэм жаIахэр, абыхэм я щапхъэхэр нэхъ уигу къигъэкIыжынкIэ мэхъу, и гупсысэр нэхъ куу ирищIу.

Мыз Ахьмэд адыгэгу зыкIуэцIылъщ. Ар къызыхэкIа лъэпкъым иригушхуэу, фIы къехъулIэмэ иригуфIэу мэпсэу. Лъэпкъым щыщ гуэрхэм щыуагъэ щаIэщIэкIым деж иригузавэу, блэкIам щыIа щыуагъэм дерс къыхэхыпхъэу зэрыщытыр къигъэнэIуэну зэрыхэтри хьэкъщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр къыщыгъэлъэгъуащ «Ахын и гуIэ макъ» рассказым.

Ахьмэд зытегузэвыхьым и гугъу пщIымэ, шэч зыхэмылъыр зыщ. Ар лъэпкъым и бзэр IэщIэкIынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэрщ. Абы папщIи илэжьыр мащIэкъым. Япэрауэ, адыгэбзэм и къулеягъыр къигъэсэбэпыным хущIокъу я нэхъ мащIэрауэ, хьыбар кIэщI цIыкIухэр щитхкIи, повесть, рассказхэм щелэжькIи. АбыхэмкIэ игу мызагъэу, псалъэзэблэдзхэри куэду къегъэсэбэп. Ари адыгэбзэм дахэу иригъэзагъэу, гугъу зригъэхьу, гъэщIэгъуэну зэхегъэувэ, анэдэлъхубзэр цIыхум яIэщIэмыхуным нэхъ тригъэчыныхьу. Мызым и псалъэзэблэдзхэм, «IуащхьэмахуЭ» журналым е «Адыгэ псалъэ» газетым къызэрытехуэу, къыпэджэжу лъэIукIэ, чэнджэщкIэ зыкъыхуэзыгъэзахэр мащIэкъым. А псор щыхьэт тохъуэ журналистыр лъэпкъым и фIыр игъэбагъуэу, фIым хуишэным зэрытелажьэм.

Илъэс блыщI... ИпэкIэ уплъэмэ, ар куэд дыдэщ, къызэбнэкIауэ узэплъэкIыжмэ, напIэ дэхьеигъуэ хуэдиз фIэкIа къыпщымыхъу гъащIэщ. Мыз Ахьмэд а илъэс бжыгъэ дахэр нобэ къызэренэкI зылI илэжьын илэжьыфауэ.

Дохъуэхъу и ехъулIэныгъэхэм хигъахъуэу зыхуэлажьэ лъэпкъым и фIыр зыгъэбагъуэхэм я сатырым узыншэу куэдрэ щылъэщэну. И унагъуэ дахэм ирихьэлIэ хьерымрэ ярит гукъыдэжымрэ мыкIуэщIу, къагъэщIым насып халъагъуэ зэпыту IэфIкIэ зэдэпсэунхэу Тхьэм жиIэ.

ХЬЭМТУ Къадир.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар
ЛЪОСТЭН Музэщ.

Запорожьем къыщыщІэдзауэ Камчаткэм нэс

● «Мэшыкъуэ» - 2024

«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхьыхьэр щекІуэкІ щІыпІэкІи и купщІэкІи зыми ещхькъым. Гъэ къэс щІыуэпсым и дахагъэм хэту тхьэмахуитІым и кІуэцІкІэ щІалэгъуалэм я къэухым зрагъэужь, я жэрдэмхэр пхагъэкІ.

МЫ гъэм епщыкІытхуанэу екІуэкІ зэхьыхьэм и Іыхьитім къызэщІиубыдащ Урысейм и щІыналъэ 89-ми, Запорожьем къыщыщІэдзауэ Камчаткэм нэс, я щІалэгъуалэ мини 2-м щІигъу. Зэхьыхьэр зыщцхьэуІум и 22-м иужащ.

- Илъэс 15-м къриубыдау «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхьыхьэр Ставрополь щІыналъэм и дамыгъэ хъуащ. ИкъукІэ дрогушхуэ Урысейм щынэхъыжь дыдэ зэхьыхьэр ди деж зэрыщекІуэкІым, - жеІэ Ставрополь щІыналъэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министр Коршун Вячеслав.

Я проектхэр пхагъэкІынымрэ я къуэхым зрагъэужьынымрэ къищынэмыщІа, зэхьыхьэм ипкъ иткІэ, щІалэгъуалэр хэтщ сэбэп зыпылъ, щхьэпэ Іэзэхуэмэ. Хабзэ дахэ зэрахъуэхъуэ, зэхьыхьэм и къызэгъэпэщакІуэхэми щІалэгъуалэмэ ящыщ щІыху 50 донору щытащ, пЫ литр 20 абыхэм ятащ.

XV щІалэгъуалэ зэмыхьэм гупытэтэщэ щыхуащІащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защІэгъэкъуэныж. Дерс щхьэхуэхэр траухуащ Урысейм и политикэ зхуэкІэм, СВО-м хэтхэм къэралыр зэрадзэпкІыкъум. А Іуэхуэм щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ РАО-м и психологие Іэнатіэм и федеральнэ ресурс центрым и унафэщІ Брель Еленэрэ дунейпсо Іуэхуэхмкіэ политолог Маркедонов Сергейрэ.

Сабий гъэсапІэхэмрэ курыт школхэмрэ зэІуэзэпэщ зэращІ лэжьыгъэми щІалэгъуалэр хэтащ. Хабзэ зэрыхъуэрэ, щІалэгъуалэр екІуэлІащ Пятигорск къалэм дзэ Сабий унэ №32-м. КъызэгъэпэщакІуэхэмрэ абыхэмрэ сабийхэм саугъэтхэр хуахьат: Іэфы кІэхэр, зэрытхэ Іэмэпсымэхэр, псыр хуабэу зыІыгъ крушкІэхэр, нэгъэущІхэри. СВО-м щыІэ ди зауэлІхэми зыхуеину хьэпшыпхэр зэрыхуагъэхьэзырым я гуащІэ халъхьащ. Урысейм и «Жор Плъыжь» Іуэхущ1апІэм къызэригъэпэщауэ, Курск щІыналъэм щыпсэуэм зэрызыщІагъэкъуэнухэр зэхуахьэсащ.

Форумым и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэр зэпхар щІалэгъуалэм я жэрдэмхэр пхагъэкІынырт. Зэхьыхьэм и етІуанэ Іыхьэмэ апхуэдэ лэжьыгъи 100 ягъэхьэзырат. Щ1алэгъуалэм я Іуэху 18-м хуагъэфэщащ псоми зэхэту сом мелуани 9,035-рэ.

Щ1алэгъуалэм хэлъущ1ащ Урысейм и щ1ыху щ1эрыІуэхэр, еХьуЛэныгъэфІэкІэ иІэхэр. Абыхэм ящ1ыщт «Хэкум и зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитет» АНО-м и унафэщІ Белеховэ Юлие, Олимп, дунейпсо джэгуэм щэнерэ чемпионкэ щ1ыхьуэ Медведевэ Евгение. Къыщ1ынэмыщ1ауэ, щ1алэгъуалэм хьакуэзащ СВО-м и ветеран, «Уи лІыхъужьыр» урысейпсо Іэхуэм и ущиякІуэ Федорович Даниилрэ абы и щхьэгъусэ, Тулэ щІыналъэм и МВД-м щІыхуэхэм зэрызыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и къудамэм и унафэщІ Ботвинкэ Екатеринэрэ.

Мы зэхьыхьэр нэгъуэщІхэм къащхьащІыгъэкІращи, къэралым дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іэхуэхэм абдеж гулъытэ щІыхуащІ. Апхуэдэу, Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэр абы щ1ыщхьэуІум и 22-м щагъэлъэпІащ. Нэхущым зэхьыхьэм хэт щІалэгъуали 100-м щІигъур Мэшыкъуэ бгым дэкІащ, абдеж метр зэбгъуэнатІи 108-рэ зи инагъ къэрал ныпыр щаубгъуащ (а дахагъэр Пятигорск и сыт хуэдэ щІыпІэм дежи щІыпІагъуу жаІэ). Махуэшхуэр гъэ къэс апхуэдэу зэхьыхьэм щагъэлъапІэ. Апхуэдэуи Комсомол хуейм къыщІэзрагъэпэщат хэкупсэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэр, ди лъахэм и тхыдэмрэ иджыпкІэрмрэ я лъабжьэу. Пъэс лъагъуэ нэхьыщхьэм дежи щІыхуэхуэ зыхэта флешмоб щекІуэкІащ. «Мэшыкъуэ-2024 гъэ» ЖУ зэхьыхьэм и етІуанэ Іыхьэм хэта щІалэгъуалэ миным щІигъум Урысейм и Къэрал Гимныр зэгъусэу ягъэззэщІащ.

Щ1эч хэлъхьэм мы щІалэгъуалэ зэхьыхьэр зэрыщІыхьэпэм, хэкупсэ мыхьэнэ зэригъэщІэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Шемякиным къызыхэкІар игъэгъуащэркъым

«Акрополь» центрым щагъэлъагъуэ «Михаил Шемякин. Художник из рода Кардановых» выставкэр. Сурэтыщ1ым и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург щ1ы» центрымрэ «Акрополь» центрымрэ гъэльэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщащ художникым теухуа «Михаил Шемякин. Моя жизнь до изгнания» автобиографие тхылъыр къызэрыдэкІам и щІыхькІэ.

КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ щІыз-хуэхьэсащ унагъуэм теухуа гукъэкІыж куэд. Гъэльэгъуэныгъэм хагъэхьаща тхылъым щІыщ напэкІуэцІхэр. Выставкэм щагъэлъагъуэ тхыгъэхэм хаухуэнащ сурэтыщІым и лэжьыгъэхэр. Абыхэм щыбольагъу и льэпкъым и тхыдэм, и сабиигъуэм щІыщхэр, и адэ-анэм я теухуахэр.

Выставкэр къызэІухащ Урысейм и щІыху щІэрыІуэхэр, еХьуЛэныгъэфІэкІэ иІэхэр. Абыхэм ящІыщт «Хэкум и зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитет» АНО-м и унафэщІ Белеховэ Юлие, Олимп, дунейпсо джэгуэм щэнерэ чемпионкэ щІыхьуэ Медведевэ Евгение. Къыщ1ынэмыщ1ауэ, щ1алэгъуалэм хьакуэзащ СВО-м и ветеран, «Уи лІыхъужьыр» урысейпсо Іэхуэм и ущиякІуэ Федорович Даниилрэ абы и щхьэгъусэ, Тулэ щІыналъэм и МВД-м щІыхуэхэм зэрызыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и къудамэм и унафэщІ Ботвинкэ Екатеринэрэ.

Мы зэхьыхьэр нэгъуэщІхэм къащхьащІыгъэкІращи, къэралым дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэхэм абдеж гулъытэ щІыхуащІ. Апхуэдэуи Комсомол хуейм къыщІэзрагъэпэщат хэкупсэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр, ди лъахэм и тхыдэмрэ иджыпкІэрмрэ я лъабжьэу. Пъэс лъагъуэ нэхьыщхьэм дежи щІыхуэхуэ зыхэта флешмоб щекІуэкІащ. «Мэшыкъуэ-2024 гъэ» ЖУ зэхьыхьэм и етІуанэ Іыхьэм хэта щІалэгъуалэ миным щІигъум Урысейм и Къэрал Гимныр зэгъусэу ягъэззэщІащ.

Щ1эч хэлъхьэм мы щІалэгъуалэ зэхьыхьэр зэрыщІыхьэпэм, хэкупсэ мыхьэнэ зэригъэщІэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ щІыз-хуэхьэсащ унагъуэм теухуа гукъэкІыж куэд. Гъэльэгъуэныгъэм хагъэхьаща тхылъым щІыщ напэкІуэцІхэр. Выставкэм щагъэлъагъуэ тхыгъэхэм хаухуэнащ сурэтыщІым и лэжьыгъэхэр. Абыхэм щыбольагъу и льэпкъым и тхыдэм, и сабиигъуэм щІыщхэр, и адэ-анэм я теухуахэр.

Выставкэр къызэІухащ Урысейм и щІыху щІэрыІуэхэр, еХьуЛэныгъэфІэкІэ иІэхэр. Абыхэм ящІыщт «Хэкум и зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитет» АНО-м и унафэщІ Белеховэ Юлие, Олимп, дунейпсо джэгуэм щэнерэ чемпионкэ щІыхьуэ, теленэтынкэр езыгъэкІуэкІ икІи актрисэ, Москва къалэм и Думэм и 7-нэ зэхэсым и депутат Киселёвэ Марие, Психологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЕгъэджэныгъэмкІэ Урысей Академием и вице-президентым и къулыкъуэ зыгъэзащІэ Басюк Виктор, урысей фигуристкэ, ныбжьым тІэунейрэ чемпионкэ щІыхьуэ Медведевэ Евгение. Къыщ1ынэмыщ1ауэ, щ1алэгъуалэм хьакуэзащ СВО-м и ветеран, «Уи лІыхъужьыр» урысейпсо Іэхуэм и ущиякІуэ Федорович Даниилрэ абы и щхьэгъусэ, Тулэ щІыналъэм и МВД-м щІыхуэхэм зэрызыхуагъаззэхэм хэпльэныкІэ и къудамэм и унафэщІ Ботвинкэ Екатеринэрэ.

Мы зэхьыхьэр нэгъуэщІхэм къащхьащІыгъэкІращи, къэралым дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэхэм абдеж гулъытэ щІыхуащІ. Абы и фІыгъэкІи, зэман дызыхуэхІуэм къриубыдэу, инвестицэ ахъшэ къыхэтшэнущ турист центрышхуэу 9 къэралым къыщІыздгъэІэщыным, зы илъэсым Іцыху мелуани 4,5-м щІигъум зыщагъэпсэху хъуэу.

Абыхэм хохьэ Кавказым, Алтаймрэ, Уралым иджыпсту щыІажьэ курортхэм адэкІэ зегъэужьыным иджыпсту дзэпыкъунигъэ абыхэм ет-тащ. Абы и фІыгъэкІи, зэман дызыхуэхІуэм къриубыдэу, инвестицэ ахъшэ къыхэтшэнущ турист центрышхуэу 9 къэралым къыщІыздгъэІэщыным, зы илъэсым Іцыху мелуани 4,5-м щІигъум зыщагъэпсэху хъуэу.

Абыхэм хохьэ Кавказым, Алтаймрэ, Уралым иджыпсту щыІажьэ курортхэм адэкІэ зегъэужьыным иджыпсту цІыхухэр зыщІэупщІэ хъуа Камчаткэмрэ Ямалымрэ къэІэтыныкъэ. Инжырей илъэсхэм бгы-лыжэ курортхэм жыджэру зауэ, ІуэхутхьэбзэщІэхэр туристхэм хуащІэ хъуащ. Ар цІыхухэм къедгъэщІэн хуейщ», - жиІащ УФ-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр Решетников Максим.

«Урысейм и къуршхэр» лъэпкъ саугъэтым и кьалэн нэхъыщхьэр ди цІыхухэм я щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэр къэралым щрагъэкІуэкІыныр, бгы-лыжэ курортхэм я Іуэхутхьэбзэхэм ахэр щІыгъэгъуэзэныр. Зэпеуэм щытекІуахэм я цІэхэр щэкІуэгъуэм и 14-м Мэскуу къалэм къыщІаІуэнущ.

БЭВЫКЪУЭ Алыдж.

Урысейм и къуршхэм

«Урысейм и къуршхэр» лъэпкъ саугъэтыр къэхьыным ехьэлІауэ Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и нэІэ щІэту ирагъэкІуэкІ зэпеуэм хэтыну къэралым и Іэмал ягъуэтащ. Абы щхьэкІэ «Горыроссии.рф» интернет-сайтым зыщрагъэтхыу, Іэ яІэтын хуейуэ аращ. Ар екІуэкІынущ 2024 гъэм жэпэуэгъуэм и 15-м пщІондэ.

МЫ гъэм зэпеуэм зыкъыщагъэльэгъуэну лъэІу ятащ УФ-м и федеральнэ щІыналъэм 8-м щыІэ кІуэри лъапэхэм зыщызыгъэпсэхуну кІуэ туристхэм Іэхутхьэбзэ яхуэзыщІэ курортхэм, хьэщІэщхэм, глэмпингхэм - псори зэхэту 379-рэ.

Зэхьэзэхуэм хэтыну жэрдэм зыщІам я нэхъыбэр Кавказ Щ1ыхьэрэ, Сыбыр, Илъэ федеральнэ округэращ. Зэпеуэр ягъэшащ номинацэ 24-уз. Абыхэм яхэтщ: «Урысейм и бгы-лыжэ курорт нэхъыдІ», «Бгы-лыжэ хьэщІэщ нэхъыдІ», «Унагъуэм зыщІэльэгъэпсэху курорт нэхъыдІ», нэгъэущІхэри. ЗэрыгурыІуэгъэщІи, къэралым щыцІэрыІуэ бгы-лыжэ курортхэм къадзекІуэу, лъэпкъ саугъэтым и фІыгъэкІэ утыкум хьэхъэнущ курорт цІыкІухэри икІи я зэфІэкІэмкІэ цІыхухэр къыдахьэхыну Іэмал яІэнущ.

«Бгы-лыжэ курортхэм я инфраструктурэр ехьэфІэкІуэным ехьэлІауэ УФ-м и Президентым къытхуищІа унафэм ипкъ иткІэ мы гъэм къэралым щІэзыхуищІ и адэм. «Трансформации», «Метафизический синтетизм» сериехэм хигъэхьа сурэтхэми къыщІэльэгъэгъуащ ар. КъэбгъэльэгъуэмэІ, ТхЬэ щІельэІукІэ зытеувэ нэмэзлыкъым и сурэтыр апхуэдэщ. Художникым зыхигъэгъэзащ мусЛымэн диным теухуа пасэрей Іэрытхэхэм, архитектурэ лэжьыгъэхэм, декоративно-прикладной гъуэзджэм. Ахэр щІыбольагъу ІуэдалІэу.

Гъэльэгъуэныгъэм къыщІэсэлъащ КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іминат, художник цІэрыІуэхэу Сэвкіуий Хьэмид, ГъукІапщэ Арсен, БгЪэжьнокъуэ Заурбэч, композитор ХьэІупэ Джэбрэил, телевидением и режиссёр Сэралъп Сэмарэ, Къардэнхэ я льэпкъым щыщхэр.

КЪР-м и Сурэтыщ1ым я зэгуэныгъэм и правленэм и унафэщІ Къанакъуэ Жаннэ жиІащ выставкэм Шемякин Михаил и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург щІэгъуэ «Памятник Петру I» и «Памятник жертвам политических репрессий», Владикавказ дэт «Памятник жертвам террора» фэеплъхэм къытращІыкІаХэр. Лэжьыгъэхэм уеплъыфынущ QR-кодхэр къэбгъэсэбэпу икІи абыхэм ятеухуахэм зыщІыбгъэгъуэзэ ухунущ аудиогидым уедалІэу.

Гъэльэгъуэныгъэм къыщІэсэлъащ КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іминат, художник цІэрыІуэхэу Сэвкіуий Хьэмид, ГъукІапщэ Арсен, БгЪэжьнокъуэ Заурбэч, композитор ХьэІупэ Джэбрэил, телевидением и режиссёр Сэралъп Сэмарэ, Къардэнхэ я льэпкъым щыщхэр.

КЪР-м и Сурэтыщ1ым я зэгуэныгъэм и правленэм и унафэщІ Къанакъуэ Жаннэ жиІащ выставкэм Шемякин Михаил и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург щІэгъуэ центрым щыІэ лэжьыгъэхэр ягу къызэрагъэкІыр, художникым и щІэныгъэ-къэхутэныгъэ проектым.

Кавказ Ищхъэрэм и щІыуэпс къулейми Шемякиным и лэжьыгъэхэм гулъытэ ин щІыхуищІащ. Абы и центрым щагъэхьэзыращ дуней псом и щІыпІэ зыбжанэм щІыІэ и скульптурэ зыбжанэм къытращІыкІэ лэжьыгъэхэр. 3-О Іэмалымкіэ ящІащ Франджым щыІэ «Автопортрет: прошлое, настоящее, будущее» скульптурэр, Санкт-Петербург щагъэува «Памятник Петру I» и «Памятник жертвам политических репрессий», Владикавказ дэт «Памятник жертвам террора» фэеплъхэм къытращІыкІаХэр. Лэжьыгъэхэм уеплъыфынущ QR-кодхэр къэбгъэсэбэпу икІи абыхэм ятеухуахэм зыщІыбгъэгъуэзэ ухунущ аудиогидым уедалІэу.

Гъэльэгъуэныгъэм къыщІэсэлъащ КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іминат, художник цІэрыІуэхэу Сэвкіуий Хьэмид, ГъукІапщэ Арсен, БгЪэжьнокъуэ Заурбэч, композитор ХьэІупэ Джэбрэил, телевидением и режиссёр Сэралъп Сэмарэ, Къардэнхэ я льэпкъым щыщхэр.

КЪР-м и Сурэтыщ1ым я зэгуэныгъэм и правленэм и унафэщІ Къанакъуэ Жаннэ жиІащ выставкэм Шемякин Михаил и Іэдакъэ къыщІэкІахэмкІэ ягъэдахэу Урысейм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Франджым, Польшэм, СНГ-м хьихь къэралхэм я гъэльэгъуэныгъэхэр.

Республикэм щыпсэуэхэри ирогушхуэ Шемякиным и зэфІэкІкІэм. Ар ди республикэм къызэреблагъэжьыр, и лэжьыгъэхэр зэрыщигъэльагъуэр гуапэ ящІэху. Ар къыдыхэкІар, зыщІыщІар зэрызыщимыгъэупщІэр, лъэпкъым и пщІэр иІэту дуней псом ар зэрыщыжиІэр яфІэфІщ. Нэ-Іуэщ абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Кавказыр, Урысейр фІыуэ зэриІагъур. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зи Хэкуу къэзыплъыхь художникиир щІэх-щІэхыуэр ди щІыпІэ тельыджэм и гуапэу щохьэщІэ, сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм фІэфІу ядолажьэ, зэпеуэхэр къахузэрегъэпэщ, щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным хэпъхьэныгъэхэр хуещІ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЕкІуу кърагъэблэгъэж

Иорданием и къалащхьэ Амман иджыблагъэ щекІуэкІащ дуней псом бэнэкІэ хуитымкІэ пашэныгъэр къыщІыхьыным хуэунэтІа зэхьэзэхуэ. Абы щІызэпеуащ зи ныбжьыр илъэс 18-м щІимыгъуа, къэрал кІэдым я спортсмен ныбжьыщІэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кІыхьхам хэту зэхьэзэхуэм щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахьсэн щІыналъэм и Гъэсэн Бэкъей Жэмал икІи и хьэлъагъ ельытауэ зыхэта гупым (кг 45-рэ) домбеякъ медалыр къыщІихьащ.

Зэпеуэм и кІэух Іыхьэ ныкъуэм ди щІалэр щыхуэзащ США-м и бэнакІуэ Санчес Самуель икІи ар къытекІуащ. ИужькІэ Бэкъейр финал «цІыкІум» ягъэкІуащ. Абдежым абы къыщыпэщІэта ермэлы бэнакІуэ Акопян Мгер 11:0-у хигъащІэри, зэхьэзэхуэм ещанэ увыпІэр къыщІихьащ.

Бэкъей Жэмал и тренерхэр Бэрэгъэн Рустамрэ ПщыкІ Артуррэщ.

АЛБЭРДЫКЪУЭ Іэмин.

Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зэпыщІэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ 15-м оптоволоконнэ линэхэр ешэлІэным ехьэлІауэ «Ростелеком»-м ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр и кІэм нигъэсащ.

ИДЖЫ зэфІагъэкІа Іуэхугъуэм и фІыгъэкІэ Арыкъ, Аушыджэр, Къулъкъужьи Ипщэ, Лэскэн ЕтІуанэ, Дзэлыкъуэ, Къамылыкъуэ, Гъндэлэн, Акъбащ Ищхъэрэ, Уэзрэдж, Приречнэ, Псынабэ, Псынэдахэ, Бэтэх, Урожайнэ, Чернэ Речкэ, Янтарнэ жылэхэм щыпсэуэхэр интернет «псынщІэм» падзащ. Абы щхьэкІэ Іэщ1агъэлІэхэм кІапсэу километри 160-рэ яукъуэдиящ икІи къуажэ хэсэ зыхуэныкъуэну телекоммуникацэ инфраструктурэхэр щагъэуващ. Апхуэдэ щІыкІэкІи, унагъуэ мини 8-м Іэмал ягъэущащ Мбит/с 200 псынщІагъ зиІэ интернетым зыпащІэну.

Оптикэ инфраструктурэр ди щІыналъэм щыхэпщэным ехьэлІауэ «Ростелеком»-м лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ, нэхъыбэу къару зытекІуадэри уней льапсэхэщ.

«Бжыгъэ лъабжьэ зиІэ интернет Іуэхутхьэбзэхэм щІэупщІэхэр къэтпщытэ зэпытщ. ИкІи ди Іуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэ Цыху куэд щыпсэу щІыпІэхэм ди сетхэр щыдоухуэ, абы кьыхэкІыну зыдоужь. Ди Іуэхутхьэбзэхэм, интернетым фІагъ льагъэхэр зэряІэр къалъытэу, дэ зыкъытпызыщІэхэм я бжыгъэм кьыхэхъуэ зэпытщ. Абы и лъэныкъуэкІэ, ди щІыхуэхэм, туристхэм, хьэщІэхэм я деж-кІэ иджырей бжыгъэ лъабжьэ зиІэ зэпыщІэныгъэхэм я мыхьэнэр къыдгурыІуэу ди лэжьыгъэр щІыдогъэхуабжьэ икІи идогъэфІакІуэ», - жиІащ «Ростелеком»-м и щІыналъэ къудамэу КБР-м щІыІэм и унафэщІ Хьутэ Залым.

«Ростелеком»-м и интернетым цІыхухэм зыщыпадзэм деж унагъуэ къэс ешым ейуэ щхьэхуэу оптикэ линэ ирашналІэ, абы и фІыгъэкІи абыхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъэр льагъэ къонэж.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КІэмпІарэ Марат Новосибирск щытокІуэ

Совет Союзым и Лыхъужь Аксенов Александр и фэеплъу Новосибирск къалэм и «Локомотив-Арена» спорт комплексым иджыблагъэ щекІуэкІащ алыдж-урым бэнэкІэмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Урысей Федерацэм и командэм нэмыщІ абы хэтащ Ермэлым, Белоруссием, Ираным, Къэзахъстаным, Кубэм, Къыргъызстаным, Таджикистаным, Швейцарием и бэнакІуэ гупэрэ. Зэхьэзэхуэм и пщІэр иІэтащ икІи ар зерэкІуэкІам кІэлъыплъащ Олимп джэгуэхэм тхуэнейрэ я чемпион хъуа, Кубэм и спортсмен лъэщ Лопес Михейн.

УФ-м и командэм и щІыхьэр яхъумэу зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэ гуп икІи екъуІэныгъэ хъарзынэхэр щызыІэрагъэхьащ. Абыхэм ящІыщу килограмми 130-рэ зи хьэлъагъэм я деж щыбанэ КІэмпІарэ Марат зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр кІихьащ. Финалым адыгэ щІалэр щыІущащ Кубэм и бэнакІуэ Келдис Рош Жозеф икІи зэІуущІэм и бжыгъэр 3:1-уэ хигъэщІащ.

КъищынэмыщІауэ, Бищіо Асемыр килограмм 63-рэ зи хьэлъагъэ гупым я деж етІуанэ щыхьуащ. Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъэм я деж ГуІэжьей Іэдэм домбеякъ медалыр щызыІэщІигъэкІакъым.

ТАМ Заур.

Турист гъуэгухэм цІыху 72-рэ къыщрагъэлащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыджэру зыщеужь щІыналъэ туризмэм. 2024 гъэр къызэрихьэрэ Урысей МЧС-м щатха зыплъыхьакІуэрэ альпинистхэу 17850-рэ ирикІуащ республикэм и турист гъуэгухэм. Мы гъэм республикэм и курортхэм щыІащ цІыху мин 800-м щІигъу.

УРЫСЕЙ МЧС-м и Іуащхьэмахуэ къэлъыхьуакІуэ-кьеГъэлакІуэ гупым и лэжьакІуэхэм я нэІэм ІуэІэтщ республикэм и щІыналъэ псори - ар Кавказ бгым и Ыхьэшхуэщ: ди къэралым метр минитху и льагагъыу щыІэ бгыуэ 8-м щыщу 7-р. КьеГъэлакІуэхэм къызэрагъэпэщ щІыпІэм щыпсэуэхэмрэ зыгъэпсэхуакІуэхэмрэ я щынагъэнщагъэр, абы гъуэгу тет турист гупэхэр хьихьэу.

Нэхъ цІэрыІуэ икІи цІыху куэд щызекІуэ маршрутхэм турист лъэхъэнэм къриубыдэу щолажьэ кьеГъэлакІуэ пльыр пост хэхаэр. Ахэр щыІэщ Іуащхьэмахуэ и метр 4050-рэ лъагаПІэм тет «Приют-11», апхуэдэуи «Безенги» альпинегрым, Шэджэм щІыналъэм и бгыхэм я кум щылажьэ парадромым, Адыр-Су, Шхельдэ бгы зэхуакуэхэм.

Мы илъэсыр къызэрихьэрэ Урысей МЧС-м и Іуащхьэмахуэ ПСО-м ирагъэкІуэкІащ къэлъыхьэныгъэ-кьеГъэлакІуэ Іуэху 66-рэ. Абыхэм къыщрагъэлащ цІыху 72-рэ, я зэкІуэдащ.

Я зыгъэпсэхугъуэр лъагаПІэхэм дэкІыу къуршхэм щагъэкІуэну гукъыдэж зыщІхэм я нэхъыбэм къыпытэркъым бгыхэр цІыху гъащІэмрэ узынщагъэмкІэ щынагъуэ щІыпІэу зэрыщытыр.

Я щынагъуэнщагъэр къызэрагъэпэщын папщІэ туристхэм жраІэ я маршрутхэр ирагъэтхьну. Узытехьэну гъуэгу зыхуэдэм Іэмал имыІэу егупсыам, абы узыщІІуэнкІэ хъуну щынагъэр зэпэлъытын хуейщ, дунейм и щІыпІэкІэми абдежым мыхьэнэщхуэ щиІэщ. Туристхэм чэнджэщ ират маршрутым техьэн ипэкІэ страховкэ ирагъэтхьну, спутник телефон е спутник GPS-трекер къыздащтэну.

ЦІыху къызэрыгъэльым и зы щапхъэщ мыр. Урысей МЧС-м и Іуащхьэмахуэ къэлъыхьуакІуэ-кьеГъэлакІуэ ІэнатІэм и унафэщІ Гулиев Мухьэммэт зэрыжиІащи, щыщхьэуІум и 4-м кьеГъэлакІуэхэм хъыбар кьаІэрыхьащ Шэджэм аузым и льагаПІэхэм ящыщ зым илъэс 36-рэ зи ныбжь планеристыр къызэрыщыщхуэхам теухуауэ. Урысей МЧС-м и Іэщ1агъэлІэхэм ведомствэм и МИ-8 вертолетымкІэ ар Налшык къашэри, дохутырхэм ирагъащ, - къет Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КЪР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.461
Заказыр №1822

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщІыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и пщІ дэлъщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Пхытіыкі Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

Компьютерк1э газетым и теплъэр ящІащ **Щомахуэ Марианнэ**, **Ныр Саидэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ схьэт 20-м, щытрадзар схьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.